ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№54 (21.712) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 30, гъубж ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2010 гъэм гъатхэпэм и 17-м №18-РП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъухэм ягъэувыну ягъэлъагъуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъухэр щызыІыгъ цІыхухэм, кІат хъыбархэр ирикъуу зэрыщытыр убзыхуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъухэр щызыІыгъ цІыхухэм мардэ яхуэгъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм гъатхэпэм и 4-м кІыдигъэкІа Указ №222-УП-м щыубзыхуа хабзэм и 20-нэ Іыхьэм илъ къэбар, **унафэ щІ:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъухэр щызыІыгъ цІыхухэм къулыкъухэм яхэлъ хуей нэмысым теухуауэ хуагъэувэжр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыным, къулыкъущІэхэм я сэбэн зыхэлъхэм теухуауэ къэхъу къаугъэхэр гъэзэкІуэжыным хуэхэауэ къызэрагъэпэща комиссэм хэтхэр къащтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

2010 гъэм гъатхэпэм и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Унафэ №18-РП-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъухэр щызыІыгъ цІыхухэм къулыкъукІэ яхэлъын хуей нэмысым теухуауэ хуагъэувэжр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыным, къулыкъущІэхэм я сэбэн зыхэлъхэм теухуауэ къэхъу къаугъэхэр гъэзэкІуэжыным хуэхэауэ къызэрагъэпэща комиссэм

хэтхэр

Жамборэ В.С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(комиссэм и унафэщІ)*

Власов А.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр-къэрал къулыкъум, кадрхэм, щыІэныгъэ самоуправленэм егъэщылІа Іэхуэхэмкіэ управленэм и унафэщІыр *(комиссэм и секретарщ)*

Жариков О.О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуроры *(зэрызэгурыІуам тету)*

Къуэшырокъуэ З.Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и яп къуэдзэр

Мусуков А.ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрыр

Тембот В.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым щІэпхъаджагъэхэмрэ Іулъхьэмрэ ягъэщІэтыным екъэлІа Іэхуэхэмкіэ и дэлэныкъуэгъуэ

Томчак Ю.И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министрыр *(зэрызэгурыІуам тету)*

Тупикин А.Н. - Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ и кІудамэм и унафэщІыр *(зэрызэгурыІуам тету).*

Гъатхэпэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Абы депутатхэр щыхэплъащ Іэхуэгъуэ 26-м. Зэ1ущІэм и лэжьыгъэм хэтащ Правительствэм щыщ-хэр, министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщІхэр. Ар иригъэкІуэкІащ Парламентым иТхьэмадэ Чеченов Ануар.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛыкІуэу щыІэ **Къэжэр Альберт** депутатхэм я пащхьэ щытепсэльыхьащ 2009 гъэм кІуачІэщІэу зыпэрыт Іэнатіэм щызэфІигъэкІа Іуэхугъуэхэм.

Къэжэр Альберт хэтщ Федерацэмкіэ Советым Финанс рынокымрэ ахъшэр зэгъэззэхуэнымкіэ и комитетым. КьищынэмыщІауэ, парламент лъэныкъуэр къыхэгъэпэщыным рэгламентымкіэ комиссэм и унафэщым и кІуэдзэщ икІи ыкъыбарегъащІэ политикэмкіэ комиссэм, хабзэхъуэм, суд Іуэхуэхэмкіэ комитетым доладжэ. Абы зэрэжиІамкіэ, финанс рынокымрэ ахъшэр зэгъэззэхуэнымкіэ комитетым къыхэщІыбыдэ лэжьыгъэм ипкъ иткІэ, хэпІыкъуэ закон проекту 52-м, абы щыщу 21-м Іуэхум и Іэзэщ1акІуэ нэхъыщхьэу щытар аращ. Федеральнэ законэм я проекту 78-м хэлэжьыхьаэщ.

Щэн хэмылъу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛыкІуэм Федерацэмкіэ Советым лэжьыгъэшхэу щищІащ. Депутатхэр арэзы техъуащ абы и лэжьыгъэм.

Правительствэм хухаха сыхэтым щыгъуэ депутатхэр хэпІыкъуэ Урысей Федерацэм Пенсэ фондымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм 2009 гъэм илэжьа Іуэхугъуэхэр зыхуэдэм, мы гъэм я мурадхэми тепсэльыхэащ.

Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщым и къуэдзэщ икІи ыкъыбарегъащІэ политикэмкіэ комиссэм, хабзэхъуэм, суд Іуэхуэхэмкіэ комитетым доладжэ. Абы зэрэжиІамкіэ, пенсэр, нэгъуэщІ социальнэ ахъшэр зэгъэззэхуэнымкіэ комитетым мы гъэм къэралым хуеутІыпщ сом триллиони 4,4-рэ. Ар егъэлеяуэ бжыгъэшхэущ - Урысейм и ВВП-м и проценти 10 мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым пенсэм, нэгъуэщІ социальнэ Іуэхуэхэм щІат псоми 2010 гъэм хухахащ сом мелард 15-рэ мелуан 249-рэ. Абы щыщу республикэм езым и къарукІэ кьыззэригъэпэщыжнущ сом меларди 3-рэ мелуан 78-р. Ар нэгъабэ я Іуэхуэхэм текІуэдам нэхъ-рэ процент 35-кІэ нэхъыбэщ. Аращ мэлыжьыхьым и 1-м пенсэм зэрэзэхъуэнур фондым кьыщІытемыхьэлъэнур.

А Іуэхугъуэхэм кьищынэмыщІа, депутатхэм кьащтащ етІуанэ еджэгъуэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэм Іэуэльауэншэу жэщкІэ зафэпсэхуфынымрэ къуэуэу» законым и проектыр, 2007 - 2012 гъэхэм гъуэгурэм щынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным хуэунэтІа рес-публикэхэм программэ зэщІэтъуІуам халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр, ди лъахэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэр зыубзыхуу хабзэщІэхэр.

ГЪУЩІОЗарифь.

Къэжэр Альберт ищІар мащІэкъым

● КъБР-м и Парламентым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм цІыхухэм

Зэрызахуигъазэр

2010 гъэм гъатхэпэм и 9-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Парламентым Зыхуигъэзащ. Абы Президентым щызэпкрихащ иужьрей илъэсыкІэм кьриубыдэу республикэм щалэжьари, тпэгъунэгъу илъэситхум кьалэн нэхъыщхьэхэр зыхуэдэнури.

Къанокъуэм кьигъэлъэгъуа бжыгъэхэмрэ Іуэху пыухыкІахэмрэ арэзы укъащІ, гукъыдэжри кьаІэт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр тегушхуауэ ипэкІэ мэкІуатэ, Іэнатіэ поми екъулІэныгъэхэр Іупщ1у щыбольагъу.

Иужьрей илъэсиплым къриубыдэу республикэм и бюджетыр зытращІыхь ахъшэр щыкІэ хэхъуащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуатІыпщ дотацэм процент 72-м щыщІидзэри, 54-м нэс хэщІащ. Кьызэ1уахащ инфраструктурэм и Іуэхущ1апІэ зыбжанэ, производствэм и иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэгъэпэща Іэнатіэ куэд.

Президентым кьыхигъащащ зэхъуэкІыныгъэхэм адэкІи пыщ1ан зэрыхуейр. Ахэр хуэунэтІащ экономикэщІэ зэтегъэпсыхьыным, республикэм щыпсэу дэтхэнэ цІыхуми и псэукІэр егъэфІэкІуэным.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэр арэзы тохъуэ Президентым КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэм щиубзыхуа Іуэхугъуэхэм икІи и кьалэн нэхъыщхьэу кьелъытэ ахэр гъэззщІэныкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуныр. Зи Іэщ1агъэм, зи лэжьыгъэм дагъуэнзыхъэ Іэзэщ1ыкІ гулъэр зэгурыІуэу зэдзэпкъэныным мыхьэнэшхуэ зэриІэр къэтлъытэу, дэ ди мурадщ къэрал, муниципалнэ Іуэхущ1апІэхэм я лажьэкІэм дыкІэлъыплъыну, абыхэм бюрократ Іуэху зехьэкІэмрэ жэуаплинныгъэншэмрэ щымыІэн папщІэ.

Палатэр псом хуэмыдэжу егугъунущ жылагъуэм и къару узыншэхэр зэуІу щІыным, коррупцэм, экстремизмэм, терроризмэм пэщІэтын хуэдэу. Зэ1ущІэхэм, палатэм и Советымрэ и комиссэхэмрэ я зэхуэсхэм зэпымыууэ къыщыхтІэтынущ а Іуэху гугъуэхэр, ахэр лэжьыным жылагъуэ зэгугъэныгъэхэмрэ хьэрычэт Іуэху зезымыхэ Іуэхущ1апІэхэмрэ зэрыхэтыну щ1ыкІэхэм дытепсэлъыхьынущ. «Стіол хъурейхэр», зэ1ущІэхэр а псом теухуауэ едгъэкІуэкІыну ди мурадщ. Ди1хуэдэ щ1ыкІэкІэ ди гугъэщ1 дэтхэнэмэ гурыдгъэ1уэну мамырыгъэр, зэгурыІуэныгъэр, политикэ зэпІэзэрытныныгъэр республикэм щ1ыэныкІэ дэтхэнэми жуаап зэрихьыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и нобэмрэ и пщэдэмкІэ псомэ зэхуэдэу къаІэн пыухыкІахэр ди пщэ зэрыдэлъыр.

Къанокъуэм и Президентым и Унафэ

Гуэзэвэгъуэм и пщэдджыжь

Дыгъуасэ пщэдджыжьым Москва и метром и «Лубянка», «Парк культуры» станцэм, бомбэхэр кьыщагъэуащ.

Цыхуэ куэд хэкІуэдащ, уЗгъэ хьэлъэ зыхуэхэщ. Ар кьыщыхьуар сыхьэтийращ. Дакьикъ 40 нэхъ дэмыкІыу етІуанэ бомбэр кьыщагъэуащ «Парк культуры» станцым. Дыгъуасэ щыІа бжыгъэкъэм мыпхуэдэщ: 38-рэ хэкІуэдащ, 64-рэ сымаджэщхэм ящащ.

Къэхъуар къэралым и прокуратурэмрэ хабзэхъуэм органхэмрэ зэхащІэкІ.

Зыри пэмыплъами

США-м и президент Обамэ Барак Афганистаным кІуэри, сыхьэтихкІэ абы щылъжащ.

Щынагъуэнщагъэр кьыззэгъэпэщыным пыщІа Іуэхуэхэм кьыхэкІыу, ар а къэралым зэрыкІуэмкІэ зыми хъыбар иратэщІатэкъым.

Обамэ Америкэм и президенту зэрыхахэр япэу Афганистаным кІуаеу аращ. Фигу къэдгъэкІыжьыщи, нэгъабэ дыгъэхэм США-м и адмиралитетым унафэ кьищтат идкьыри зауэлІ мин 31-рэ а къэралым гъэкІуэн хуейуэ. Президентыр яІущІащ абыхэм икІи Афганистаным щалэжь Іуэхур абыхэм кьаззрехьэлІэжыр жиІащ.

- Дэ зэтеткъуэнущ «Аль-Каидэ»-ри, абы дэІэпыкъуэхри. Аращ Афганистаным щыдиІэ кьалэнри, «Аль-Каидэ»-м и зыгъэпщкІупІэу а къэралыр дяпэкІэ щытыжынукъым, - кьыхигъащащ абы.

Обамэ Барак Іуащ1ащ Афганистаным и президент Карзай Хьэмид. Ар США-м и президентым кьигъэгугъащ къэралитІым я зэхущытыкІэм зиужьын папщІэ лъэкІ кьимыгъэнэну, коррупцэм, наркосатум еБэныныкІэ дэІэпыкъуну.

Алыджмэ къыщагъауэ...

Афинхэм я къалэкумэ кьыщагъуэуа зы бомбэ.

ИлъэС 1-рэ ныжьэ щІалэщІэ хэкІуэдащ, абы и гъуса и анэмрэ и шыпхъэмрэ уЗгъэгу сымаджэщым ящащ. Полицэм кьыззритамкІэ, ахэр Афганистаным кьиІэпхъуэкІат, а щІыналъэм щекІуэкІ зауэ кІыхьыр яхуэмыщэчьажу.

Бомбэр кьыщагъэуар пщыхьэщхьэм гуваущ, къэрал управленэм и ефжапІэм дежщ. Унэм кьищынэмыщІа, гъынэгъуэ щыта автомобилхэри зэхихьэтащ. ТерактымкІэ жэуапыр зыми и пщэ дилъхьэжакъым, ауэ полицэм ягуегъэфащэ а Іуэхур сэмэгурагъуэ-экстремисткІэ эдзэ гупым илъэжьауэ. Абыхэм Афинхэм щІэхьщІэхьуурэ бомбэ кьыщагъауэ. Псалъэм папщІэ, тхъэмахуэ кІуам щы кьагъуат, ауэ зыри хэкІуэдатэкъым, зэмакъуа щІагъуэ щыІэтэкъым.

Зыри пэмыплъами

НОБЭ

◆Урысейм и вулканологым и махуэщ

◆Гъатхэпэм и 30 - 31-хэм Самарэ щекІуэкІынущ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм, аспирантхэм, студентхэм я IV Дунейпсо щІэныгъэ конференц.

◆1946 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Щэрджесым щІыхь зиІэ я журналист, тхакІуэ, публицист, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ и яп къуэдзэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩІДАА-м и вице-президент икІи академик, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд.**

Пэлэнэгэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифи.**

● Гъуазджэ - спорт

Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу Эльбрус поселкэм дэтым деж. *Сурэтыр* **ХОЛАЕВЭ Марзиет** *трихащ.*

Зэхьхьэ гукъинэжхэр

Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжыныгъэм хуэгъэпсэ Іуэхугъуэхэм я нэхъ гъэщІэгъуэнхэр щекІуэкІар Іуащхьэмахуэ куейр. А махуэм къызэІуахаш бгы-лыжэ спортымкІэ Урысейм и чемпионатыр, «Дышэ ут - Іуащхьэмахуэ» («Алтын майдан - Эльбрус») лъэпкъ гуаджэмкІэ дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивальм хэтхэм я гапэ-концерт, нэгъуэщІ зэхэхьэ дахэхэр екІуэкІащ.

Ветеранхэм папщІэ удз гъэгъахэр

МАХУЭШХУЭ зэхьхьэхэм щыщІидзэм ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Эльбрус поселкэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъым дэж щызэхуэсат КъБР-м, Іуащхьэмахуэ куейм я унафэщІхэр, бгы-лыжэ чемпионатым зэхуэшоу зэпэуцужа-сменхэр, хьэщІэхэр.

Бысымхэм зэ1ущІэр кьызэІуахри, республикэм и унафэщІхэм кьабгъэдэкІыу кьызэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыпсэльащ КъБР-м хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щІалэгъуэлэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр **Пащты Борис.**

- Ди лъахэм фашист зэрыпхъуэкІуэхэр кьыщыхьам япэ зауэ гуащІэхэр щекІуэкІа щІыналъэщ Іуащхьэмахуэ лъапэ. Ди щыззэхуэса куейм, республикэм, зэрыщыту ди Хэкум, и мамырыгъэм зи гъащІэр щхьэузыхь хуэзыщІахэм я фэеплъыр мыкІуэдыжынщ, нобэ кьытхэт ветеранхэм гулъытэ яхуэфащэщ. Зауэм и лъэхъэнэм абыхэм ящыщ дэтхэнэми игъэльэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ кьэкІуэнур зей щІалэгъуэлэм я дежкІэ щапхъэщ, - жиІащ министрым.

Зи махуэшхуэр зыгъэльапІэ балъкъэр лъэпкъым ехьэухьэри, ехьулІэныгъэ лъагэхэр зыІуахьэ. Программэр зыхуэунэтІа ехьулІэныгъэхэр зэрыщІэтыр, абы и унафэщІ Жабоев Ахьмэт я тхьэмадэу.

Чеченов Ануар хьэщІэхэр щыгъуазэ ищІащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэм, ди щІыналъэр нужьрей илъэхэм нэхъ зэтэжьамрэ нэхъ кьехъуІамрэ. Иужьрей илъэхэм я ущІэ псоми жэуап иритыжри, абы жаІэми едэІуащ. Ахэр щІэлъэІуащ балъкъэрыбзэкІэ езыгъэдэжи яІэн папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я щІалэгъуалэм щыщ къасен жиІащ Арцыданыр Лэскэн куейм и къуажэ нэхъ ин дыдэу зэрыщытыр икІи зыдэІэпыкъун хуейуэ абы унагъуэ куэд зэрыдэсыр.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министр Ерчэн Темботэ тхьэмахигъэщащ мыпхуэдэ Іуэху щхьэпэ къуажэдэсхэм къызэрырахьэжьар зэригуапэр.

- Сэ сыкъыщалъхуа къуажэм дэс унагъуэ хуэмыщІахэм, щІэгъэкъуэн хэзыкъуэхэм садэІэпыкъуну сыкъэхэящ. Куейм и къуажэ унафэщІхэми фЫщІэ фхуэзощІ мыпхуэдэ жэрдэм къызэрыхэфлъхьам папщІэ, - жиІащ Ерчэным.

Псапащ1э фондым и мылькур зэзыгъэзэхуэну совет къызэрагъэпэщри, абы и тхьэмадэу Джэдгъэф Борис хахащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● Лэскэн куей

Хуэмыщ1ахэм яридэІэпыкъун папщІэ

Дэскэн куейм хьыхьэ Арцыдан къуажэм иджыблагъэ къыщыззэрагъэпэщащ унагъуэ хуэмыщІахэм, бын куэд зиІэхэм зэрадэІэпыкъун фонд.

АБЫ ТЕУХУА зэІущІи щызэхэтащ жылэм. Арцыдан къуажэ администрацэм и унафэщІ Ауаз ФатІимэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Лэскэн куейм и адрей къуажэхэми апхуэдэ псапащІэ фондхэр зэрадэІэр икІи а Іуэхум жьыджэру хэлажьыха къуажэдэсхэм фЫщІэ яхуищІащ.

Куей администрацэм и унафэщІ Мэкъуауэ Арсен Хьэсэн ипщІэ Іуэхум ящІэрыгъуэ, «Предгорный», «Бахьсэн-Бройлер», «Велес-Агро», «Дадэхэ», «Симментал» инвестицэ проектхэр. 2012 гъэм ирихьэлІэу мы Іэнатіэхэм я Іуэхур зэтеуэнущ икІи блымыпІэ джэдкъэзыулу кьалэжьыр тонн мин 40-кІэ нэхъыбэ хьунущ. Мы зэманым щыщІэдзауэ йолэжь «Къэббалькъагролизинг» компанием егъэщІылІауэ къызэІуахыну лы комбинатым и Іуэхуэхэр зэфІэгъэхьэным. Ар ухуэным сом мелуан 205-рэ текІуэдэнущ. Іуэхущ1апІэм зы илъэсым хуэзэу кьыщІигъэкІынущ лы тонн мин 15.

Гъэш нэхъыбэ кьэзыныным теухуа инвестицэ проектхэр 2009 гъэм кьыхэзылъхьаэм ящыщщ «Іуащхьэмахуэ лъапэ» АПК-р, «Балъкъ Ипщэ» СХПК-р, «Іэбэч», «Темыр», «Дзэлыкъуэ жылапхъэхэр» мэкъумэш предприятэхэр. 2012 гъэм ирихьэлІэу мы хозяйствэхэм зы илъэсым хуэзэу кьыщашыну щэ тонн 370-м рес-публикэр хуиту игъэшІынущ. Иджыпсту ди щІыпІэм итщ апхуэдизэ гъэшыр кІэрыхуншэу зыхуей щыхуагъэзащІэ. Абыхэм ящыщу ди республикэм гъэшхэкІыу кьыщыщІагъэкІыным и процент 80-р щагъэхьэзыр «Молочные продукты» Іуэхущ1апІэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Куэдрэ даІуэ, мащІэ Іуатэ.

Иджырей мардэхэм тету къызэрагъэпэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм хьыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, ди республикэм Іэш гъэхъуным нэрылъагъуэ зыщІежь.

МИНИСТЕРСТВЭМ игъэхьэзыращ лымрэ гъэшымрэ куэду кьэзыт Іэщ лъэпкъыфІхэр нэхъыбэу зэгъэпэщыным теухуа программэ. Ар 2012 гъэм нэсыху тещІыхьащ. Программэр нэхъыбэу зыхуэунэтІар а пІалъэм кьриубыдэу ди республикэм лымрэ гъэшымрэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм кьримышу езым и щхьэ зэрирылъжьынущ.

Иджыпсту ди щІыналъэм щолажьэ

Абхъазым и махуэхэр

АБХЪАЗ. ***Республикэм щэнхабзэмкІэ и махуэхэр мэлыжьыхьым Курск щекІуэкІынущ.***

МЭЛЫЖЬЫХЬМ и 19-м Курск дэт драматеатрым Абхъаз Республикэм и щэнхабзэм и махуэхэр гуфІэгъуэ щыпхыкІэм иту кьыщызэІуахынущ. «Кавказ» ансамблым концертхэр апхуэдэуи щитынущ Железногорск, Курчатов кьалэхэм, нэгъуэщІ щыпІэхэм.

Зыужьныгъэ кърокІуэ

2010 гъэр республикэм дежкІэ мыхьэнэ зиІэ экономикэ-политикэ Іуэхугъуэхэр къыщІидзащ. Урысеймрэ Абхъазымрэ я правительствэхэм экономикэм, дзэм, транспортым зэрыщыздэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэращІыІащ. Абхъазм республикэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуащІынущ.

ТРАНСПОРТ зэгурыІуэныгъэм икІи ткІэ, Абхъазым тендзыз ФЫщІэ Іуфэм дежкІэ Кавказ Ищхьэрэ гъущІ гъуэгур зэфІагъэувэжынущ. Сыхьэм зэрэпортыр мыгувэу кьызэІуахыну я мурадщ. А зэпыщІэныгъэхэм я фЫгъэкІэ, Абхъазым и щыналъэ тельыджэм, и щыпэрэ кьулейм дихьэхъэм абы зыщагалІэхьыну Іэмал ягуэтынущ.

Тыкуэным щащэ

АДЫГЕЙ ***Адыгейм щыпсэу щ1ыхубзым кьалэм и мэжджыгъ нэхъыщхьэм ихьащ хьэрыпыбзэкІэ тхыгъэ зытет джэдыкІэ. МусЪыкъэм динымкІэ щІынаІуэ управленэм абы тет псалъэхэр мыпхуэдэу кьызэрагъэщІащ: «Адыхьэм кьыщынэмыщІа, нэгъуэщІ Тхьэ щыІэкъым».***

АДЫГЕЙМРЭ Краснодар краймрэ я мутфий Емыжь Нурбий джэдыкІэм апхуэдэ тхыгъэ зэрытетыр жиІащ икІи ар музейм тыгъэ яхуищІыну цІыхубзым чэнджэщ иритащ. Ауэ а тхыгъэр джэдыкІэм кьызэрытехута щ1ыкІэр наІуэхьэм. Щ1ыхубзым зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ гъэщІэгъуэныр тыкуэным кьащ1ищ1эхуа джэдыкІэхэм кьахэкІуэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЛэжыгъэфIхэр Москва ирагъэхь

● Зэпеуэхэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым щыIэзэхалъхьэ жаш «Си хабзэгъэуз зэрэдэмыр» зэпеуэм щыш Iыхьэу ди щIыналъэм щекIуэкIам къриубыдэу нэхъ Iэужыгъэ комитетым и Iэтащхьэщ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Че ченов Ануар.

- Ануар, сыт хуэдиз лэжьыгъэ нэхъыфIу, зэпеуэм и къыкIэлыкIуэ Iыхьэм хэтыхьэу къэпIыныта?

- Кыагъэльэгъуа лэжьыгъэ псори КъБР-м и Парламентым и комитетхэм ираташ, зэпеуэм хэтхэм кьыхалъхьэ IуэхугъуэщIэхэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIыщIэхэмрэ хабзэгъэувэкIэ щыгъуазэ щIын папщIэ. Псори зэпэтшэчри, зэпеуэм и тIыпэ Iыхьэм едгъэ хьыпхъэу къэтIыныташ кьыхалъхьа лэжьыгъэ 43-м щыщу 22-р. Я1пэу мыпхуэдэ зэпеуэр 2005 - 2006 гъэх эм ирагъэкIуэкIауэ щыташ Урысей Фе дерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и жэрдэмкIэ.

- Сыт зыгъэхуэар зэпеуэм и мурад нэхьыщхьэхэр?

- Ар щIалэгъуалэм щыщу нэхъ акъылыфIэхэр кьыхахьи икIи мыхьэнэ зиIэ жэрдэмхэр гъащIэм хахьэн мурадкIэ, илъэс кьэс ирагъэкIэкI. А псор зыгъэхуэзакIэ щIалэгъуалэр кьэрал Iуэхугъэ зехьэным хэшэныгъ.

- Лэжьыгъэхэм сыт хуэдэ щIалэхэм тещIыкIауэ фIыхэплъа?

- Iыхьэ гу зрохэм тхыгъэхэр ящIиптхыкI къудейуэ ядэркIыым. ФIэкIыпIэ имыIэу лэжьыгъэ зейм и Iуэху епльыкIэр зыхуэдэр кьиIуэтэн хуейщ. Псом нэхъри нэхьыщхьэр абы хабзэгъэув жэрдэм кьыхилъхьэнырщ. Мис апхуэдэ пщалъэхэм тещIыхьауэ дэ зэпеуэм и лъабжьэ дощI ВАК-м кьинтэувхэр. ДапэкIи еджакIуэхэмя абыхэм я унафэщIхэмя папщIэ зэIущIэхэр едгъэкIуэкIынущ, дызэчэндзющIафIэн хуэдэу.

Апхуэдэ щыкIэкIэ, дэ ахэр едгъэсэщу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуэхэр япэ ирагъэшIу, ахэр зэрыцэрыгъэкIыным Iэмалхэр кьагъуэтыфу. Нэхъыщхьэраци, школакIуэхэри есэнщIу щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр егъэкIуэныным.

- А Iуэхуэхэр сыт хуэдэ гъэныкъо ди щIалэгъуалэр зыгъэлейтекIэ?

- Кьыхалъхьа лэжьыгъэхэр Iуэху куэд дыдэм хуэгъэзащI афиныкъо зэрыпщIэтын хуейм щегъэжьауэ щIалэгъуалэ политикэм нэсыху. НыбжьыщIэхэм кьыхалъхьэр сабийхэм ельэлIа кьалэнэхэр зэрызэфIагъэжIыну Iэмалхэм я закъуэжым. Абыхэм я гупытэхэр нос егъэджакIуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныкIэ зыщIагъэкьуэнми, коррупцэм пэщIэтыным, хабзэхьумэ Iуэхущапхъэхэм я лэжьакIуэхэр Iуэсэнми, Урысейм и МВД-м зэхэщэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэн хуей щIыкIэми, нэгъуэщI куэдми, «Хабзэгъэув жэрдэмым» республикэм и район, еджапIэ псомя я IыкIуэхэр хэтащ. КьыхэзгъэщIыну сыхуейщ зэпеуэм хэтхэм гъащIэм теухуауэ дерс щхьэпэ зэрагъэутыр. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ уи гупсысэжэр кьэпIуэтэну , уэхъахьну Iэмалхэр кьу зэритым кьыкIэныкIыу.

- Зэпеуэм щытекIуэхэр дауэ зэрагъэпэжнур?

- Си хабзэгъэув жэрдэм» зэпеуэм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэщ абы щытекIуэхэр УФ-м и Къэрал Думэм, апхуэдэу щыщыткIэ, КъБР-м и Парламентми я лэжьакIуэ хьуну зыщыгугъэхэм зэрызагъэхьэнур. Зэпеуэм лэжьыгъэ нэхъыфIу кьищалъытахэр щыIэхэуэхьэса тхыль кьыдагъэкIыныщ. Абы кьыдэкIуэу зэпеуэм хэта псорэ 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 23 - 25-хэм РАЕН-м Налшык щригъэкIуэкIыну конференцым ирагъэблагъ.

Эксперт комиссэм тхьэмахуэ зэхуакум кьриубыдэу нэхъ лэжьыгъэ нэхъыфI дыдэхэр кьыхихащ. Абы ипкъ иткIэ**«Къэрал хуэныгъэмрэ щIыхуэхэм конституцэкIэ яIэ хуитныгъэхэмрэ» лIэужьыгъэкIэ** «Си хабзэгъэув жэрдэм» урысейпсо зэпеуэм республикэм и щIыхьыр щIхьэумэнущ:

1. Лосэн Дианэ Замир и пхъум (МОУ СОШ №2, Зеикъуэ кьуажэ);

2. Къаздэхъу Аскэр Хьэрэчталий и кьуэм (МОУ СОШ №1, Исльэмей къуажэ);

3. ГъукIэ Джулье тэ Асльэн и пхъум (МОУ СОШ №4, Зеикъуэ кьуажэ);

4. Багъэтыр Данэ Асльэн и пхъум (МОУ СОШ №3, Тэрч кьуажэ).

«Социальэ политикэ» лIэужьыгъэмкIэ:

1. Къардэн Данэ Виктор и пхъум (МОУ СОШ, Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэ);

2. Анскокъу Алим Анат олий и кьуэм (МОУ СОШ №10, Налшык кьалэ);

3. Талгановэ Мадинэ Салавдин и пхъум (Урысейм и МВ Д-м и Краснодар университетым и Налшык кьудамэ);

4. Соблир Каринэ Руслан и пхъум (Потребительскэ кооперацэм и Белгород университетым и Налшык кьудамэ).

«Егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, уэныншагъэр хьумэн, щэнхабзэм» лIэужьыгъэмкIэ:

1. Пекву Билал Руслан и кьуэм, Бэлахьуэ Бегъэ Олег и пхъум (МОУ СОШ №23, Налшык кьалэ;

2. Абшаевэ Маринэ Магомет и пхъум, Газаевэ Динарэ Исмэхьилэ и пхъум (КъБКъУ);

3. Карповэ Олеся Владимир и пхъум, Хэжь Дианэ Асльэн и пхъум (МО У СОШ №11, Налшык кьалэ);

4. Къуэжей Каринэ Руслан и пхъум (МОУ СОШ № 4, Налшык кьалэ);

5. Уэлий Заирэ Хьэлым и пхъум (Урысейм и МВД-м и Краснодар университетым и Налшык кьудамэ);

6. Iуэныбэ Iланэ Ахьмэд и пхъум, Дадэ Астемыр Асльэн и кьуэм, Мэщыл Аминэ Анзор и пхъум (МОУ СОШ №2, Тэрч кьалэ).

«Бюджет, налог, финанс зак онодательствэ» лIэужьыгъэмкIэ:

1. Тут Ангелинэ Руслан и пхъум (Урысейм и МВД-м и Краснодар университетым и Налшык кьудамэ).

«Зыхьумэжыныгъэмрэ шынагъэншагъэмрэ» лIэужьыгъэмкIэ:

1. Щоджэ эн Белэ Кьадир и пхъум (МОУ СОШ №32, Налшык кьалэ);

2. Щхьэгъэпсо Камирэ Заурбий и пхъум (Урысейм и МВ Д-м и Краснодар университетым и Налшык кьудамэ).

«Щалэгъуалэ политикэ» лIэужьыгъэмкIэ:

1. Мэжджыкъ Артур Хьэчим и кьуэм, Малкаровэ Зульфия Арсен и пхъум, Шэмбэ Марьям Рашид и пхъум (МОУ СОШ №3, Тырныауз кьалэ);

2. Тэпгуровэ Зульфия Ану ар и пхъум (МОУ СОШ, Къэрэсу кьуажэ);

3. Уэлджыр Марианнэ Мухьэмэд и пхъум (Урысейм и МВ Д-м и Краснодар университетым и Налшык кьудамэ).

КьыхэзгъэпэщакIуэ комитетыр щогугъ мыпхуэдэ Iуэхуэхэм дихьэх ныбжьыщIэхэр нэхьыбэ хьуну.

ЩОКЪАРЭ Залинэ.

Фестивалыр щыIэзэхащIыжым. Киров Бисер къопсалъэ.



«Дыщэ ут - Iуащхьэмахуэ» фестивалым и хэтахэр.

Зэхыхьэ гукIинэжхэр

(КIэуухыр. Пэщтыдзэр 1-нэ нап.).

Урысейпсо чемпионатыр къызIуах

Спортсменхэм къапэщIыт Iуэхуэмэ ятепщIыхьмэ, щыIэр текIуэмэ нэхъ къащтэну къыщIэкIынт, «Азау» тафэм уэсыр къыщыгъэзгъэтIэсхъа хуабэм нэхъ ирэ. АрщхьэкIэкIи иджыри уэсыр Iуву щыIэтелъ щIыIъэм щыщIэдзауэ бгы щыгум нэсу хьуреягъыр зыгъэлIыщ дыгъэпсым махуэшхуэм кьрихьэлIа хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ щыгуфIыкIырт.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ, гуграфIэхэр зрапх Урысей чемпионатыр кьыззрызгъэIуахьм екIуу зыхуагъэхьэзырат абы и кьыззгъэпэщакIуэхэм. Абы хуэхэа утым кьрагъэблагъащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар**, Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат**, Урысейм бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ и федерацэм и гъэзэщакIуэ директор **Король Николай**, Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ дунейпсо федерацэм и техническэ лIыкIуэ **Цобель Берид**, Лъэпкъ бгы-лыжэ лигэм и президент **Назаров Сергей**, КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн**, КъБР-м хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жыларгъуэ зэгухьанырхэм ядэлажьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министр **Пащты Борис**, Болгариеми и чемпионатым хэтхэм, кьызIухуэсахэм захуигъэзащ япэу псалъэ зрата **Тхьэзэплъыж Мурат**.

- Мыхьэнэ зиIэ мыпхуэдэ Iуэху ди деж, Iуащхьэмахуэ лъапIэ, япэу щекIуэкIыну аращ икIи ар ди республикэм, абы щыпсэуэхэм дзыхьышхуэ кьызэрыхуащIым идопх. Ди лъахэм щекIуэкIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ спорт зэхьэзэхуэхэр, Iуэхугъуэ гъэщIэгъэнхэр. Ар республикIуап. Псом хуэмыдэу республикэм иужь зэманым игъэтэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм, - жиIащ Тхьэзэплъыжым. - Гуапэщ мы чемпионатыр текIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу зэрекIуэкIыр. Иджыблагъэ республикэм и къалащхьэ Налшык «Зауэм и щIыхь» цIэплъапIэр кьыхагъэщIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм мыпхуэдэ спорт Iуэху ехьэжьа щегъэжьIуэкIыным хуэфаща хэлъхьэныгъэм папщIэ, чемпионатыр и къызэгъэпэщакIуэхэм, Урысей Федерацэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм, бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ федерацэм фIыщIэ фхузощI.

Ди лъэныкъуэкIэ тхуэзэфIэкI псори етхьэлIащ зэхьэзэхуэр щекIуэкIыну щыIэпIэр зыхуей щащIыным къитIасэу къызэгъэпэщыным, кърихьэлIа спортсменхэм ди лъахэм, ди хабзэмрэ мыбы щIыпсэкIуэ хьэщIагъэмрэ щыгъуазэ защIын, ялъэгъуа псори гукъинэж ящыхьын папщIэ. Мы чемпионатым Урысейм и щIыналъэ куэдым я лIыкIуэ спортсмен цIэрыIуэхэр зэхуэшэсащи, екъуалIэныгъэ инхэр зыIэрывгъэхьну, урысей спортым и щIыхьыр нэхъри лъагэу фIэтыну ди гуапэщ. Зэхьэзэхуэр къыщызэIуахыр Балъкъэр лъэпкъым и щIэныгъэ щагъэлъапIэ махуэ щIыхуэм ирихьэлIащи, зэхьэхьэр нэхъри Iэтауэ, екIуу зэрекIуэкIыным шэч хэлъкъым.

Урысейм бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ и федерацэм и гъэзэщакIуэ директор **Король Николай** КъБР-м и унафэщIхэм, псом хуэмыдэу республикэм и Президентым, спортымрэ туризмэмкIэ министрым кьыхуащIа гупыытэм папщIэ фIыщIэ яхуищащ икIи я зэпыщIэныгъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ адэкIи зиужьмэ, зэригуапэри кьыхигъащащ. Мы зэпеуэр щекIуэкIыну щIыпIэр Сочэ олимпиадэм зыщыкъуэгъэхьэзырым папщIэ, чемпионатыр и къызэгъэпэщакIуэхэм, Урысей Федерацэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм, бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ федерацэм фIыщIэ фхузощI.

Ди лъэныкъуэкIэ тхуэзэфIэкI псори етхьэлIащ зэхьэзэхуэр щекIуэкIыну щыIэпIэр зыхуей щащIыным къитIасэу къызэгъэпэщыным, кърихьэлIа спортсменхэм ди лъахэм, ди хабзэмрэ мыбы щIыпсэкIуэ хьэщIагъэмрэ щыгъуазэ защIын, ялъэгъуа псори гукъинэж ящыхьын папщIэ. Мы чемпионатым хэтахэм зэриткъэкъуар кьыхигъэщащ, спортсменхэм ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну.

Банкувер щекIуэкIа Олимпиадэм хэта спортсменхэу Хорошилов Александрэ Простевэ Еленэрэ Урысей Федерацэм и гимным щIэту УФ-м и кьэрал ныпыр яIэтащ.

АдэкIэ махуэшхуэ концерт екIуэкIащ.

«Дыщэ ут - Iуащхьэмахуэ»

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжьныгъэм хуэгъэпсауэ екIуэкIа Iуэхугъуэхэм ящыщщ «Дыщэ ут - Iуащхьэмахуэ» лъэпкъ гъуазджэмкIэ дунейпсо Iуэрыдуатэ фестивалыр. Тэтэрстаным, Удмуртием, Чуваш-шым, Башкортостаным, Дагъыстаным, Сакха-Якутием, Коми, Эстонием, Къэзахъстаным, Украинэм я лIыкIуэхэм уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ я зэфIэкIхэр ягъэлъэгъащ.

Абы щытекIуаехэр ягъэлъэпIащ икIи фестивалым и япэ Iыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм щыIэхэтар Балъкъэр лъэпкъым и къащIэрэщIэжьныгъэр щагъэлъапIэ махуэшхуэм зэхуэщIыжащ.

«Чегет» хьэщIэщым зэхьэхьэр щекIуэкI и пэшым щIыхур апхуэдизкIэ щIыIвти, тIысыпIэ зыIымысхэр куэд хьурт. Псори зэхуэзышэсар фестивалым и иужьрей концертыр. Псом хуэмыдэу хьэщIэхэми бысымхэми я гукъыдэжьыр къиIэтащ **Киров Бисер** и макъ гуакIуэм. Урысейм теухуауэ абы игъэзащIа уэрэдым псори щыту едгъуащ, Iэгуауэщхи хуэIэтащ.

Фестивалым и япэ Iыхьэу Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIар къызэзгъэпэщащхэм ящыщщ Эльбрус къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Курданов Узеиррэ** къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьыныкIэ «Эльбрусоид» фондымрэ Iуащхьэмахуэ куейм и хьэрычэтыщIэхэм я ассоциацэмрэ я унафэщI **Беккаев Хьисэрэ**.

Болгариеми къикIа хьэщIэр ильэгъуахэмрэ гукъинэж щыхъуахэмкIэ къыщыддэгуашэм къызэрыхигъэщамкIэ, мы фестивалым мыхьэнэшхуэ иIэщ Iыхьэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэпыщIэныгъэмрэ зегъэужьын, я щэнхабзэм адрейхэр щыгъуазэ ящIын и лъэныкъуэкIэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэр тельыджэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ, фи щIыхьэм я гуапагъэм ситхьэ щIыкIэ икIи куэдрэ сыкуэзэшынущ. СхуэзэфIэкIмэ, си гуапэу кьытегъэзэнущ», - жиIащ абы.

УЭРДОКIУЭ Женэ.

Псым фыщысхь

Илъэс блэкIам Налшык и «Водоканал» МУП-р и лэжьыгъэм хъарзынэу ехьулIауэ кьалъытащ. БлэкIа щIымахуэ дзэхьэнэм мы Iуэхуэщ1апIэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэхэм я Iуэху псоми хуэфIэкI хилъхьащ. Пэжщ, щIыкуэкм кьабгъэдэкI Iтхьэусыхафэ, мыарэзынныгъэ гуэрэхэм кьаIэрыхьащ, ауэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Соблир Андемыркъанрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ щIыкуэкм я лъэIуэхэр хуэфIагъэкIыфащ.

МЫ МАХУЭЖМ «Водоканал»-м и Iэщ1агъэлIхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI псы кIуапIэ къутахэр зэгъэпэщщыжьыным хуэунэтIауэ. Апхуэдэ дыдэу йолэжь бжьамиищIэхэр щIэлъхьэмэ. Унагъуэхэм кьагъэсэбэп псыр зэрызэкIуэ бжьамийхэмрэ абы кьепхэ псыкъуийхэмрэ щызэрагъэпэщыжащ Налшыкрэ абы кьегъэщIыла Кэнжэ Iэрэнку, Брамтэ, Белая Речкэ, Хъэсэней жылагъуэхэмрэ. Ди IуэхущIафэхэр зыхуэдэр щIыхубэм ялъэгъуэIэсыныкIэ зыкъытщIэхьагъакъуэ «Адыгэ псалъэ» газетымкIэ щхьэхуэу захуэдгъэзэну дыхуейт псыр кьэзыгъэсэбэп Iуэхущ1апIэхэми унагъуэхэми. «Псым дэ уасэ щIыдот, дызэрыхуейуэ кьэдгъэсэбэпыну дыхуитщ» жиIэну, щымыIэмалынщэм и деж псыр кьивмыгъэжыну. Зыщыбмыгъэгъупщэ а псыр зэпымыууэ кьыфIэрыхьэным «Водоканал» МУП-м и лэжьакIуэ гупышхуэ гъэмахуэ-щIымахуэ, жэщ-махуэ ямыIэу зэрелэжьыр, псы кьабзэр хьгугъуэфIыгъуэшхуэу зэрыщытыр.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
Налшык и «Водоканал» МУП-м и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

«Севкаврентген-Д» заводымрэ Германием и «Румпф» фирмэмрэ зэрызэдлэжьэнум теухуауэ зэгурыIуэ. Абыхэм я мурадщ IэужI Iуэхуэныгъэ щыхьэхуэхэм зэрелэж Iэмэпсымохэр ди щIыналъэм кьрагъэшэну.

«СЕВКАВРЕНТГЕН-Д» Iэхуэщ1апIэм и закъуэщ рентген аппаратым хэлъ пкъыгьэгу зэрыIыгьхэр щагъэхьазыру Урысейм и Ипщ щIыналъэми Кавказ Ищхьэрэми щыIэр. Рентгенографическэ, рентгеноскопическэ къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI «Диаком», «Рентген-ТА» Iэмэпсымэхэу мы заводым нобэ кьыщIигъэкIхьм фIагъ ин абгъэдэлъ, щIэуущIэщхуи яIэщ. Мыхъэ щагъэлъэгъуащ гъэ кIуам и дагъэгъазэм Москва «Уэынщагъэ-2009» фIэщыгъэм щIэту щрагъэкIуэкIа дунейпсо выставкэм икIи куэдым гулыпэ кьыхуащI.

ЦIыхуэм и уэынщагъэм зэрин хуэхьуу кьаIытэ рентген нурхэр куэдкIэ гъэмэщIа хьунымкIэ ди щIэныгъэлIхэм кьагъэсэбэпащ электроникэ и лъэныкъуэкIэ дунеи псом бжьыпэр щызыубыда «Samsung» компаниемрэ кьигупсыса Iэмал нэхьыфIхэр. КьымыдэкIэ, а аппаратым Iэмал кьарет траха сурэтхэр дэнэ щIыпIи ирагъэхьыну. Нобэ рентген техникэм елэжьныр зи унэтIныныгъэ нэхьыщхьэу щыт заводым пленкэхэр кьыщагъэсэбэп рентген аппаратхэр щIэм тету лажьу, цифровой жыхуаIэхэм хуэ-гъэ. зэтриуухуэжьфынущ.

Урысейм и Iуэхущ1апIэ зыбжанэм дэдэжьэну эгугъуI1ущ. Мыбыхэм кьадэIэпыкъунущ нэгъуэщI кьэралхэм я фирмэ щхьэхуэхэр.

Иджыпсту Iуэхущ1апIэм зыхуеину Iэмэпсымэхэр кьещхэу икIи мыгувэу рентген аппаратхэр кьыщIигъэкIыу щIидзэнущ. Нобэр кьыздэсым Урысейм иткъым аппаратыр зыIыгъ «штатив системэ» жыхуаIэр кьыщыщIагъэкIыу зы заводи, абы и пкъыгъуэхэр зэпэщхьэхуэу Европэмрэ Америкэмрэ кьращурэ ди кьэралым щызэпкъралъхьажу кьекIуэкI мыхьэмэ, КъБР-м и «Севкаврентген-Д» заводым дяпэкIэ а системэр зэрыщыту езым игъэхьэзырынущ.

Я унэтIныныгъэ нэхьыщхьэм кьыдэкIуэу, мы Iуэхущ1апIэм иджыпсту кьыщIэгъэкI медицинэ Iэмэпсымэхэр щахьэмэ щкафэр, хирургическэ хуэIуэхущIэхэм папщIэ тельхьэлIэпхэр, жэм тракэ зурэтхэр дэнэ щIыпIи ирагъэхьыну. Хьэуам хэль уэр зэрагъэтIкIу «Элия-2М» топ лIэужьыгъуэхэр. 2010 гъэм заводым кьыщIигъэкIыну и мурадщ сом мелуан 300-м щIигъу и уасэ хьэпшыпI.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Май куэй

Урысейм апхуэдэ иткъым

Урысейм и Iуэхущ1апIэ зыбжанэм дэдэжьэну эгугъуI1ущ. Мыбыхэм кьадэIэпыкъунущ нэгъуэщI кьэралхэм я фирмэ щхьэхуэхэр.

Иджыпсту Iуэхущ1апIэм зыхуеину Iэмэпсымэхэр кьещхэу икIи мыгувэу рентген аппаратхэр кьыщIигъэкIыу щIидзэнущ. Нобэр кьыздэсым Урысейм иткъым аппаратыр зыIыгъ «штатив системэ» жыхуаIэр кьыщыщIагъэкIыу зы заводи, абы и пкъыгъуэхэр зэпэщхьэхуэу Европэмрэ Америкэмрэ кьращурэ ди кьэралым щызэпкъралъхьажу кьекIуэкI мыхьэмэ, КъБР-м и «Севкаврентген-Д» заводым дяпэкIэ а системэр зэрыщыту езым игъэхьэзырынущ.

Я унэтIныныгъэ нэхьыщхьэм кьыдэкIуэу, мы Iуэхущ1апIэм иджыпсту кьыщIэгъэкI медицинэ Iэмэпсымэхэр щахьэмэ щкафэр, хирургическэ хуэIуэхущIэхэм папщIэ тельхьэлIэпхэр, жэм тракэ зурэтхэр дэнэ щIыпIи ирагъэхьыну. Хьэуам хэль уэр зэрагъэтIкIу «Элия-2М» топ лIэужьыгъуэхэр. 2010 гъэм заводым кьыщIигъэкIыну и мурадщ сом мелуан 300-м щIигъу и уасэ хьэпшыпI.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

● Аруан куэй

Къалэм и теплъэр йофIакIуэ

Нарткъала и «Жилсервис» Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм уэрамхэм тет жыгхэр яухъуэщIащ, щыхум зыгъэпсэхупIэ нэхъыщхьэу яIэ паркыр зэщIагъэкъэбзащ.

АПХУЭДЭУ мыбы мыгувэу кьыщIэзгъэщ1апIэм и «Химик» стадионым алэрыбгъу Iэрыщ1кIэ кьращIыкIа и толджэгуп1щIэр. Мыбы ехьэлIа лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр и кIэм нагъэсащ. Иджыпсту лэжьакIуэхэм зэрагъэпэщыж стадионым дэт унэхэр. Къалэм и теплъэр ягъэфIакIуэныкIэ дэIэпыкъуэгъуэшхуэ хьуажщ «Строй-универсал», «Авангард», «Урваньстрой», «Тар» Iуэхущ1апIэхэр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Тезыр тралъхьэмэ-щэ?

● Транспорт

КъБР-м Т ранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм щыхуэхэр кьезызэкIхэм яхуигъэуващ «Автомобиль транспорткIэ, кьалэхэм электрокъарукIэ щылажьэ транспорткIэ пассажирэхэр кьызэрыгращкI хабзэхэр кьэцIэным и Iуэхуэкъ» УФ-мри Правительствэм и Унафэр фIэкIыпIэ имыIэу ягъэзэщIэну.

ХАБЗЭХЭМ щыгъэбелджылащ псоми зэхуэдэу кьагъэсэбэп транспортымкIэ къэзыкIуэхэм билетхэр, яIыгъ хьэпшыпхэм папщIэ квитанцэр ираты хуейуэ. Нобэ ар зыгъэзащIэр мащIэ дыдэщ. 2010 гъэм щышышIэм и 29-м КъБР-м и Парламентым кьищтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ кьуаншагъэхэмкIэ и Кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэужь» Закон. Абы ипкъ иткIэ, жэуап зыхь унафэщхэм, кьалэ кIуэцIымрэ кьалэ щIыбымрэ щызекIуэу, псоми зэхуэдэу кьагъэсэбэп транспортым (автобусым, троллейбусым) дэсхэу билетхэмрэ квитанцэхэмрэ зымытхэм административнэ тезыр тралъхьэнущ.

Къэрал заказчикыу щыту, министерствэр кIэлъыплъынущ муниципальнэ зэ хуаку, кьалэ щIыбэ гъуэгухэм зэрызекIуэ билетхэр зэрыщат щыкIэм.

БИЩIО Майе.

Къэщкъэтау щагъэмахуэшхуэ

Балъкъэр лъэпкъым и къащIэрэщIэжьныгъэм и махуэр Iэтауэ щагъэлъапIащ Шэрэдж районми. Абы кърихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэр, Шэшэн, Осетие Ищхьэрэ - Алание республикэхэм я лIыкIуэхэр, куейм и жылагъуэ псоми гуфIэгъуэ зэхьэлъэм хэтын папщIэ къыкIахэр.

МАХУЭР гъэлъэпIэн щIадзащ районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм щызэхэта зэIущIэмкIэ. Шэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэ **Темиржанов Махьты** къыщыпсалъэм, къигъэльэгъащ 1944 - 1957 гъэм балъкъэр лIыкIуэхэр гъуэгуанэ хьэтыр тхьдэм кьыззрыхэнэжа щIыкIэр. Абы зэрыжиIамкIэ, 1944 гъэм НКВД-м и отчетхэм щатхат балъкъэр 37.713-рэ Кавказым залымыгъэкIэ ирагъэпхъыкIауэ. 1946 гъэм а НКВД дыдэм и щыхьэт тхьытхэм кьаззрыхьащамкIэ, балъкъэр-хэр щыху 32.817-рэ хьужу арат.

АдэкIэ, дауи, лъэпкъым и гъащIэр зэтеувжащ. Я гъаэ я кьагъэззэжыну хуит ямыщIами, я ехьулIэныгъэхэр кьэралым кьиIытэрт. Абы и щыхьэтщ хамэщI зэрыщыIа илъэсхэм кьриубыдэу балъкъэр 11 Социалист Лъэныкъуэм и ЛIыкъуж зэрыхьэуар. щыхуэ 5-м кьэрал саугъэтхэр зэрыхуагъэфэщащ, 55-р щIэныгъэхэм я доктор зэрыхьуар. Балъкъэр лъэпкъым кьыхэкIахэр Хьэзахъстаным, Узбекистаным, Кьыргъызым кьэрал кьулIыкъым щыIгъэдэтащ.

Куейм и лэжьакIуэ нэхьыфIхэм хуагъэфэща щIыхь тхыпхъэр, ахъшэ саугъэтхэр ираты щащ министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщIхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхыпхъэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэфэщахэм ящытыжащ абы и Унафэщым и къуэдзэ **Уэнаев Казым**, Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ кьабгъэдэкIыу ар ехъуэхъащ Шэрэдж куейм щыпсэу щыпсэу дыхьэщIэкIыр. Абы и щыхьэтщ хамэщI зэрыщыIа илъэсхэм кьриубыдэу балъкъэр 11 Социалист Лъэныкъуэм и ЛIыкъуж зэрыхьуар, щыхуэ 5-м кьэрал саугъэтхэр зэрыхуагъэфэщар, 55-р щIэныгъэхэм я доктор зэрыхьуар. Балъкъэр лъэпкъым кьыхэкIахэр Хьэзахъстаным, Узбекистаным, Кьыргъызым кьэрал кьулIыкъым щыIгъэдэтащ.

Куейм и лэжьакIуэ нэхьыфIхэм хуагъэфэща щIыхь тхыпхъэр, ахъшэ саугъэтхэр ираты щащ министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщIхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхыпхъэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэфэщахэм ящытыжащ абы и Унафэщым и къуэдзэ **Уэнаев Казым**, Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ кьабгъэдэкIыу ар ехъуэхъащ Шэрэдж куейм щыпсэу щыпсэу дыхьэщIэкIыр, - жиIащ Жиндевэш.

Iуфlэгъуэ зэхьэхьэм щыпащащ Къэщкъэтау ипщэкIэ губгъуэ Iэхуитльэхуитым. Къэрал гъунапкъэхъумэжр техникэкIэ къэдэпэкIыри, абы кьыщыззрагъэпэщащ Май, Аруан, Шэрэдж куейхэм, республикэм и нэгъуэщI районхэм кьикIа уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэр зыхэта концерт. Абдежым щызэхэтащ Дзэпыкъуэ, Шэджэм, Тэрч, Шэрэдж районхэм я лIыкIуэхэр щызэпеуа шыгъажи. А Iуэхум хэтащ щууей 45-рэ. Шыгъажэр зэщхьэщыкIырт лIэужьыгъуэ зыбжанэу. Псалъэм папщIэ, шы лъэпкъыфIэхэр щхьэхуэу кьызэдагъэжащ.

Iуфlэгъуэ махуэр Шэрэдж куейм щекIуэкIа цIыхухэм я гукъыдэжкIэ кьиIэту, гукъинэжу,

КЪУНДЕТ Тыгъуэн.

Сурэтхэр **СВИРИДЕНКЭ Татьянэ** *трихащ.*

● Щапхъэ

Адэжь щIынальэр зэрыгушхуэн щIэблэ

Сэрмакъ дэт курыт школ №21-м къелхауэ лажьэ сабий садым иджыблагъэ щекIуэкIащ Дзэлыкъуэ куейм и гъэсакIуэ пажэхэм я семинар. Сабийхэр хэкупсэу гъэсэныр, ахэр школым тэмэму хуэгъэхьэзырыныр, я дуней еплъыкIэмрэ зэхэщIыкIыныр иджырей мардэхэм хуэкIуэу зегъэужьыныр - апхуэдэ Iуэхуэхрщ зэхуэсыр зытеухуауэ щытар. Семинарыр къэзэрагъэпэщащ школым и унафэщI Тэтрокъуэ Льюстэнбийрэ абы и къудэзэ Къалэ Iэминатрэ.

Я ЛЭЖЬIГЪЭМ и лъэныкъуэ куэд къызэпкърызых дыдэ купщIафIэ зэIуцIэм хуигъэхьэзыращ сабий нэхъыжьхэм ядэлажьэ гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэ Нэгумэ Марят. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ сабийхэм цIыкIу щIыкIэ зыхалъхьэ хьэл-щэным ахэр балигъ гъащIэм хэзэгъэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

Нэгумэм и псалъэм адэкIэ пащащ семинарым кърихьэлIа гъэсакIуэхэм. Ахэр тепсэльыхьащ я лажьэкIэм, зэдзэгушащ я Iуэху зехьэкIэхэмрэ гъэсэныгъэм халъхьэ IэмалышIэхэмкIэ. Абыхэм тренинг зэхуэмыдэхэр ядригъэжькIуэкIащ сабий и психолог Мэкъуэдыз Анетэ. А къэхутэныгъэм кърикIуахэр иужькIэ гъэсакIуэхэм зэпхрахыжащ.

Семинарым кьызэщIрагъэбыдащ сабий гуп хэхахэм дзес зэхуэмыдэхэр щегъэкIуэкIынри. Апхуэдэу дерс хъэлэмэт кьызэрригъэпэщащ сабийм и лажьакIэ Iэзэ, гъэсакIуэхэм я кIэлпсо зэпеуэхэм мызэ-мытIэу пащ щыхьэ Куфэн Дэймэт. Абы и гъэсэнхэм кьагъэлъэгъащ «ПыIэ плъыжь щIыкIу» таруыхъэм щыщ пычыгъэ, «Псалъэ тельыджэ» зыфIащащ джэгукIэм хэтащ. Апхуэдэу щIыкIуэм наIуэ къащIащ ехьэхь хьэлыфIхэр, «упсэу», «кхьыIэ» псалъэ тельыджэхэм яIэ кьаруР.

ЕгъэджакIуэмкIэ-методист Къалэ Iэнусэ и дерсыр кьышIидзащ Канадэм и къалэ Ванкувер иджыблагъэ щекIуэкIа Олимп Джэгухэм тепсэлъыхьыныжьмкIэ. Иджырей техникэм и дэIэпыкъуэгъуу, Iэнусэ сабийхэм я нэгу кьищIигъэувэжащ Олимпиадэр кьызэрыслъэхаар, ди къэралым и спортсмен лъэрыслъэхьэр абы зэрыхэтар, дунейпсо спорт зэхьыкъэр зэрыкъуэкIыжар къызыкъуц теплъэгъуэхэр. Апхуэдэу абы яригъэлъэгъуащ Олимп Джэгухэм я дамыгъэ нэхъыщIыкъэр, абы и мыхьэнэр, нэгъуэщIхэри ягуригъэIуащ. Я Хэкум и щIыкIыр хьэумэн папщIэ ди спортсменхэм яIэхI кьызэрымыгъэнам, абыхэм яхэпъа ерыщагъымрэ быдагъымрэ яхутеспэлъыхьащ гъэсакIуэр.

Компьютерым и Iэмалхэр кьигъэсэбэнуэрь, Къалэм и дерсым щIэса сабийхэр «дунеяплъэ гъэщIэгъуэн» щыIащ. Ахэр «дэкIуеящ» Европэм и бгы нэхъ лъагэ Iуащхьэмахуэ, Азием и щIынальэхэм «кIуэри», дыгъэр япэу щызытрагъэпсащ, Африкэм и псы ежэх нэхъ кIыхь дыдэ Нил и Iуфэм щыджэгуащ, Австралием кьыщыкI пальмэхэм, фикусхэм, эвкалиптхэм я жьауэм «щIэсащ», Америкэм и Ниагарэ псыкьельэм щыщ -зытрагъэпэдащ». Дунейм хуэрэзэкIухьа нэужь, цIыкIуэм жаIащ дэнэкIи хъурэуэфIыгъуэ куэд зэрыщыщыIэр, арщхьэкIэ я адэжь щIынальэм дахагъэр кьулеягъкIэ пэувыфIри щIыпIэ зэрамыльэгъуари кьыхагъащащ. Абыхэм балигъэкр кьагъэгугъащ я Хэкум и хъумакIуэ лъэщ, цIыкIу нэс, ныбжьыгъу пэж зэрыхъунумкIэ.

Семинарым щыжиаIа, щалъэгуа псори кьызэщIикъуэжу абы кьыщыщпсэльащ Дзэлыкъуэ куейм и гъэсакIуэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафащI Шал Раисэ Абы фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэ зэхьыхь купщIафIэ зыта егъэджакIуэхэм IэщIагъэлIэхэм, дерс хьэлэмэтхэр зыта егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм. Сабийхэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ яIэну, нэхъыжьыфIхэр я щапхъэу, фIыр я гъуэзэу я мурадхэм ящIэсыну.

ТАМБИЙ Инэ.
Сэрмакъ къуажэ.

ЕгъэджакIуэ Къалэ Iэнусэ и дерсым.

Си еджапIэ - си къежьапIэ

Дэтхэнэ бзэми къуэдзу, зэгъусэщIыбдзэхэм кьыхэкIа псалъэ куэд дэри кьыдогъэсэфын. Абыхэм ящыщ куэдым уеIуэ мыхьэну ди бзэм игъащIэкIэ кьыхэнагъэнущ *(сом, кIэнфет, чырыш....)*. Тэмрэ зэдзэкIа хьэуа псалъэхэри мащIэкIым, ауз сикьым, фIыуэ егупсысыни хуейщ апхуэдэ псалъэхэр щызэблэзкIкIэ.

Нэхъыфl пхуэмыщIынумэ...

● Iуэху еплъыкIэ

ИУЖЬРЕЙ ильэсхэм псалъэ мащIэкъым апхуэдэу гум дихьэу зэдзэкIа хьуауэ цIыхум яIурылъыр. Абыхэм бзэр нэхъ къуэлей, нэхъ щэрыуэ ящI, ауэ изогъэфIакIуэ жыпIэуэрэ, ущыужнкIэ хьунущ.

Газетым и зэдзэкIакIуэхэм я закъуэкIэ нэгъэущIыбзэхэм щыщ псалъэхэр ди бзэм кьигъэтIэсэныр зэфIэкIынукъым. Лэжьыгъэм хэпщэн хуейщ ди университетым, институтым я лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, егъэджакIуэхэм я закъуэкIэ нэгъэущIыбзэхэм щыщ псалъэхэр ди бзэм кьигъэтIэсэныр зэфIэкIынукъым. Лэжьыгъэм хэпщэн хуейщ ди университетым, институтым я лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, егъэджакIуэхэм я закъуэкIэ нэгъэущIыбзэхэм щыщ псалъэхэр пэж зэдзэкIа хьун папщIэ, ечэнджэщыпхъэщ а IэщIагъэхэм ирилажьэ IэщIагъэлIэм.

Иужьрей зэманым дыкъедджэ икIи зэхэтх хъуащ, сэ кьызэрыслъытэмкIэ, тэмэму зэдзэкIа мыхьуа псалъэхэр, псалъэ зэпхахэр. Абыхэм ятеухуауэ си Iуэху еплъыкIэр кьэсIуэтэну сыхуейт.

Апэрауэ, *гъэщIэлъхъуэмэныкъуэ (полузащитник), хъIыгуныкъуэ (полуостров)* псалъэхэм ятеухуауэ. Урысибзэм псалъэ зэхэлъхэм узыщIрихьэлIэ *пол-, полу -* псалъэ Iыхьэхэм кьарыкI мыхьэнэм егупсысыпхъэщ, ахэр япыуфэу кьэхуа псалъэхэм кьарыкI мыхьэнэр бубзыхун папщIэ. *«Пол»*-р *«полу»* мэхъу коммуникацие падежхэм: *полчаса - я получасе.* ТIуми *«ныкъуэ»* мыхьэнэщ яIэр. Мыдрей *«полу-»*-м мыхьэнитI пIэщ: зым, *«пол-»*-м хуэдэу, *«ныкъуэ»* кьикIыу *(полуокружность)*, адрейм - *«не вполне или почти»* мыхьэнэ иIэу - кьызэрыщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу, апхуэдэ пэлъытэу, ауэ апхуэдэ дыдэу щымыту, абы нэмысыпэу. Мис мы етIуанэ гупращ *«полузащитник», «полуостров»* псалъэхэр зыхиубыдэр. *«Полу-»* зыпыт псорм *«ныкъуэ»* мыхьэнэ иIэу зэпхъуэкIмэ, абы кьыкIуэнущ *пальтоныкъуэ (полупальто), къум ныкъуэ (полупустыня), чыIэ ныкъуэ (полукустарник),* номин *ныкъуэ (полуобезьяна)...*

«Культура» псалъэмэ мыхьэнэ зыбжанэ иIэщ. *Культурэ* псорм *щэнхабзэкъым.* Псалъэм мыхьэнэ зыбжанэ щиIэм деж, ущыужнкIэ зыхьунущи, абы хуэсакъын хуейщ. Щоловоквым иригъэкIуэкIыну щыта *«Тихий дом»-р «Унэ хуэм»* хъуащ, *«Золотая лихорадка»-р «Дыщэ тельэгъуэ»* ящIащ. *«Эх, дороги»*-м ирамыщIар укIуэдыж *(«Ех, а гъуэгуанэхэр», «Ей, а гъуэгуанэхэр», «Эх, а гъуэгуэхэр»)*. *«Дунейр зыгъэзджыжьа лъагъунагъэ хъыбархэрэщ»! («Любовь, потрясшая мир»), «Дунейр зыгъэзджыдзджа махуипщI» («Десять дней, которые потрясли мир»).* ЕкIуэ-тIэ ар, щIыр ягъэсыса хуэдэ? *Тельыджэ ящыхъуа*, жыпIэмэ мынэхъыфIу пIэрэ?

«ФIыщIэ зэпэплIнмэ» («Черный квадрат»), «Ныбжьыщ Iэ гвардиер» («Молодая гвардия») (хэвмыгъэзэрыхь *«Ныбжьыщ Iэ хахуэмэ»*) - *«ЭпэплIимэ фIыщIэ»*, *«Гвардие ныбжьыщ Iэ»*-р нэхъ тэмэщ, армыхьмэ ди Iуэхур *къащхъуэ уафэ, щхъуантIэ губгъуэ, дахэ упэ* хъунущ. *«Уае Дадэри»* ильэс зыкъомкIэ *«Уэс Дадэуи»* щытат! *«Войска противовоздушной обороны»* зэбдзэкI хъунукъым *«Хьэуар зыхъумэ дзэхэр»* жиIэу. Хьэуа дыззрыбауэрэкъым ракетэрэ кхъухьльатэкIэрэ яхьумэр, атIэ *уэгурщ*яхьумэр.

Зегупсысыпхъэщ мыпхуэдэхэри. *«Медицинэ насыныщIъ»* (*медицина катастроф*), *«фэепль пхъэбгъу», «щIэ льапIэ ягъэуващ», бизнес мащIэ. «ДЭ комиссариатым и дзэ дохутыр». «Военэнэри», «военкэри», «армиери», «армейкэри»*... - псорм *«дзэм»* хуэкIуащ.

Иджы хамэбзэхэм кьыхэкIа щIэхэмэ зэнэщIэхэмрэ я зэкIэлъыхьыкIэм теухуауэ. Десэж хуэдэу хьуащ нэгъэущ Iэ льэпкъхэм я зэнэщIэ щIэм и пэ кьихуэу ди бзэм и мардэм зэрыгъэгъуэвэм (*Гагарин Юрий, Калабланкэ Хосе Рауль, Руссо Жан-Жак).* Ауэ IуплъэгъуафIэкъым *«Сент-Экзюпери де Антуан»*-р. Артиклъ, предлог е частицэ гуэрхуэр щIэунэщIэм щыхэтым деж зэрыщытым хуэдэу кьэгъэнэжамэ нэхъыфIу пIэрэ? Апхуэдэу *Де Лонг, Ван Гог* хуэдэхэм хэт *Де, Ван* псалъэхэр щIэуэ е унэщIэу кьыпфIэщIу ущигъэункIэ хьунущ.

Урысыбзэм кьыхэкIа псалъэ псоми я суффиксэр пыгъэхуэн хуейуэ пIэрэ? *Революцэ лъэныгъэ, дипломат зэпыщIэныгъэхэр революционнэ*-рэ *дипломатическ*Iэ зэхъуэкIамэ нэхъыфIу кьыщIэкIынт. *«Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужьхэм»* м дежи *социализм*р нэхъ тэмэмщ, сыту жыпIэмэ *социалистыр* цIыхуц. Апхуэдэщ *«террорист щIэпхъаджагъэ зылэжьахэр»* жыхуаIэри. *Террористыр* цIыхуц, *«террор зылэжьахэр»* жыпIэмэ нэхъыфIщ. Суффиксыр пыбудкIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым, апхуэдэ Iэмалыр дэнэ дежи кьыщезгъэпыркъым.

«Ветеранхэм я республикэпсо совет», «ЩIалэгъуалэм я урысейпсо щIыхьэху» хуэдэхэри *«Республикэм и (ис) ветеранхэм я совет», «Урысейм и щIалэгъуалэ щIыхьэху»*-кIэ зэпхъуэкIхьунущ. Яэныкъуэхэм *джыдэри уэщри, уэлбанэри уэщхри* я зэхуэдэ хуэщI. *«Аферъ мащIэ»*-ри, хуейщ, *ищIэкIэ драгъэлуей*, хуеймэ, *ищхъэрэкIэ кьрагъэлуэ.*

Ди анэдэлъхубзэм и Iэфагъри и кьарури щIэмыкIын папщIэ, абы уэхдэжгухъ хьуну кьыщIэкIынкъым, дэтхэнэ зы псалъэми и мыхьэнэм гулыитэ хэха хуэщIын хуейщ.

МЫЗ Алеиз.
Пыгуэнсу къуажэ.

Семинарыр йокIуэкI.

● Гъэсэныгъэ

КIуэм хегъэщI, лъыхъуэм къегъуэт

ГъащIэм мурадыфIхэр хуаIэу, ахэр зрагъэхьуIэным ерыщу хущIэкъуфу ныбжьыщIэхэр гъэсэным мыхъэнэшхуэ зэриIэм щэч хэтлъхьэм. Абдежым щапхъэу щыIэм я нэхъыфIыр нэхъыжьхэм я псэукIэ, я дуней тетыкIэ, Iуэху зехьэкIэ дахэрщ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ щытащ щIхьэлыкъуэ къуажэм КIыщокъуэ Алий и щIэр зэрихьэу дэт курыт школ №2-м иджыблагъэ щекIуэкIа пшыхь купщIафIэр.

ЖЫIЭМ ДЭС щIалэгъуэлэм, еджакIуэ ныбжьыщIэхэм яхуэзэну зэIуцIэм кьаухеблэгъат къуажэм, куейм я нэхъыжьыфIхэу пщIэрэ нэмысрэ зиIэхэм ящыщхэр, гъащIэм ехъулIэныгъэ хэхахэр щызыIэрызыгъэхьаэхэр, нэгъэущIэхэри. ХьэщIэхэм яхэтт Шэджэкъум куей администрацэм и Iэтащ,ъэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ Мамбэт Михаил, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и кьудамэм и унафэщI Мырзэкъан Арсен, КъБР-м и кьащIэныгъэхэм я доктор-профессор Елгъэр Анатолэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор ЦIыпIынэ Аслъэн, уз зэрыщIалэхэмкIэ республикэ сымаджэщым и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Джыназ Руслан, шы спортымкIэ СССР-м щэнерэ, УФ-м 15-рэ я чемпион, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Кьуныжь Мухьэрбий, Афинэхэм щекIуэкIа Олимп Джэгухэм жэз медалыр кьыщIэлэрэгъуэлэр абы творческэу зэрыхьэлэжьыхьыфынури кьыхиригъэщащ. А гупсысэм пищащ къуажэ унафэщIым. Абы зэрыжиламкIэ, жылэм дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъаджэхэр Багъ Марьям и гъэсэнхэр и гъусэу пэжыыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ ЩхьэлыкIуэм и тхыдэр зэхуэхьэсыжьнымкIэ, апхуэдэуи щIэхьэжьхэм ирагъэтхыжа Iуэрыпуатэр щызэхэхуэхэса тхытIыкIыдригъэкIащ.

- А школ дыдэм егъэджакIуэу щылажьа Коммодов Геннадий Iуэху щхьэпэ куэд зэфIихащ жылэм и тхыдэр зэфIэгъэувэжьнымкIэ. Коммодовым еджапIэм кьыщыхэзыригъэпэща музейр школ музей нэхъыфIу мызэмытIэу кьэралым кьыщадгъытащ. - Апхуэдэ нэхъыжьыфIхэм, унэтIакIуэхэм яужь нуэн щIэблэ кьуэкъым кьызэрыдгъэхуэм дропагэ, дрогушхуэ.

АдэкIэ ныбжьыщIэхэм хьэщIэхэр трагъэпсэльыхьажащ я гъащIэ гъуэгуанэм. Пшыхьым кьекIуэлIа-хэм ящыщ дэтхэнэмэ и текIуэныгъэ зэхуэ, ехъулIэныгъэхэр, здынэсыфа лъагапIэхэр езыр-езыру кьызэрымыкIуэр кьыхэщащ екIуэкIа псалъэмакъым. Уи мурадым унэмыфынтIащ, шыIэныгъэ ерыщагъи пхэпъыхь зэрыхуейм щIэблэр хуагъэIущащ нэхъыжьхэм. Аращ щыжиаIэ-ри «КIуэм и гуэгу жегъэщI», «Лъыхъуэм къегъуэт».

Къуажэдэс щалэгъуалэмрэ нэхъыжьхэмрэ я зэIущIэр концерт дахэкIэ ихуащ. Абы хэтащ ди республикэм, гъунэгъу щыпытащ. Ауэ я зэрэджьыкIуэ щIэрыIуэхэу Даур Иринэ, Ясаев Мухьэмэд, Гуцаки Подар сымэ, нэгъэущIэхэр.

УРЫС Алий.
Щхьэлыкъуэ къуажэ.

Къэзан Людмилэ урок ирегъэкIуэкI.

Сыт хуэдэ щытыкIэми къокIыф

триуухуа упщIэхэр зыхуигъэзар зэIуцIэм къэкIуа егъэджакIуэхэрщ. Зэуэ жытIэнщи, къызэхуэсахэр фIыуэ щыгъуазэу къыщIэкIащ усакIуэщхуэм и творчествэм.

Иужь ильэсхэм ди школхэм щадж КъБР-м и щэнхабзэм и тхыдэмрэ и нобэрей щытыкIэмрэ.

Ныр Оксанэ ефланэ класкэм щита и уроккыр триуухуащ адыгэхэм, нэгъуэщI бгырыс лъэпкъхэм лэжьыгъуэ куэд хуэуауэ кьадекIуэкI хабзэм - хьэщIагъэм. А хабзэ гъуэзэджэр иджыри щIыпIэ-щIыпIэхэм кьыщызэтенащ, ауэ нэхъапэм ар узытекI мыхъунт: кьыпхуэкIуа хьэщIэр бгъэфIэн хуейт зэрыпхуэзэфIэкIкIэ. Уэзыщигуфlыкlын Iуэхущ кьытщIэхъуэ щIэблэр абы зэрыщагъуазэр. Ар зи гугъу тщIы дерсым наIуэ кьэщIащ.

ИкIэм-икIэжьым Iуэхур театрым хуэкIуэжащ. Къызэхуэсахэр еплъащ Бахъсэн куейм и школхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэхэм я нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ Къанкъуэ Риммэ ядэIэпыкъуэу ягъэува «Къызбрун» спектаклым щыщ пычыгъэм. Псом хуэмыдэу гуапэр артист ныбжьыщIэхэр езыхэм я ролхэм фIыуэ зэрыхъэзэгъащ. Дауи, абы щхьэкIэ я зэманри еблэжакъым.

Къызэхуэсахэр нужьлIэ тепсэлъыхьащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ джыным хэлъ ныкъусаныгъэхэм, ахэр гъэзэжкIуэжьыныкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ Куба кьуажэм щызэфIэкIащ анэдэлъхубзэм и махуэм трауха Iуэху щхьэпэгъэ.

ШАЛ Мухьэмэд.

ЩIыпIынэ Аслъэн къопсалъэ.

● ЕгъэджакIуэм и илъэс

Гулъытэ зыхуэфащэхэр

Прохладнэ куейм ЕгъэджакIуэм и илъэсыр кьыщыгъэлъхьыным тегущыIэ гуэдзэ зыхуэс иджыблагъэ щекIуэкIащ Солдатскэ станицэм ЩIэнхабзэмкIэ и унэм. Абы кьрихьэлIащ егъэджакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэ 500-м щIигъу. Абыхэм яхэт зэнеу зэхуэмыдэхэм пэрыт щыхьэ егъэджакIуэхэр, а IэщIагъэм ирилажьэ кIуэ ящыхъуэкIа унагъуэхэм щыщхэр, ныбжь зиIэ егъэджакIуэхэр, а IэнатIэм пэрыуагъащIэхэр. ГуфIэгъуэм апхуэдэу кьрагъэблагъат КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм ЕгъэджакIуэхэм я Министерствэм и IэщIагъэлIэхэр, щIыпIэ администрацхэм я Iэтащ,ъэхэр, куейм щылажьэ Iуэхущ,апIэхэм я унафэщIхэр.

ЩэнхабзэмкIэ унэм и щIыхьэпIэр махуэшхуэм екIуу хуагъэIэрэщIат. Абы щыкъуэ щIэблэ ящыхъэр, апхуэдэу кьыщызэгъэпэщат а IэщIагъэм ехьэлIа гъэлъэгъуэныгъэхэр. ПланэпI щхьэхуэ хухахат егъэджакIуэ куэд зэрыс унагъуэхэм. Апхуэдэхэр щымащIэкъым Прохладнэ куейм.

ГуфIэгъэ зэхуэсыр кьызэIуаха нэужь, япэу псалъэ иратащ КъБР-м ЕгъэджакIуэ IэнатIэм и министрым и кьуэдзэ **Мэртаз Борис**.

- Прохладнэ куейр ящыщщ егъэджэныгъэ IэнатIэм нэхъыфIу зыщиужьа, абыкIэ ехьулIэныгъэфIэр зиIэ щIыпIэхэм. Ахэр адэкIи гъэбгъэныным хуэунэтIа гъжьыгъэхэр, ЕгъэджакIуэм и илъэсым и мызакъуэу, сыт щыгъуи егъэкIуэкIын зэрыхуейм шэч хэпльыкъым. - КъыхигъэщащI Мэртазэм. - ЕгъэджакIуэ зэчиифIэхэм, IэнатIэм, школхэм я унафэщIхэм я фIыгъэкIэ, куейм щэщIаIуэ зэхущагъэсэбэп иджырей технологиещIэхэр. Сыныбохьэхъэу фи зэфIэкIым адэкIи хэвгъахьэу, фи гъэсэнхэм я текIуэныгъэхэм фригушхуэу, лэжьыгъэр фи щIэщыгъуэу, щIэблэр егъэджэным, гъэсэным фыузыншэу фыпрытыну. ЕгъэджакIуэм и илъэсыр щIэныгъэ куу зэгъэзэгъуэным и лIэщIыгъуэ тхуэхьуну си гуапэщ.

КъБР-м и Парламентым и депутат **Нестутулов Виктор**, Прохладнэ куейм и щIыпIэ самоуправленэм и советым и унафэщI **Бириков Владимир**, куей администрацэм и Iэтащ,ъэм и первый заместитель **Абазэ Мэрэзан** сымэ куейм и егъэджакIуэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэщащ. Куей администрацэм щалэрэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и кьудамэм и унафэщI **Куценко Анатолий** кьызэхуэсахэм гуапэу екъуэхъуащ ЕгъэджакIуэм и илъэсымкIэ икIи екъулIэныгъэщIэхэр я куэду гъэр нагъэсыну яхуэупсащ.

ЕгъэджэныгъэмкIэ район Iуэхущ,апIэм и унафэщI **Клешин Ларисэ** и псалъэм кьыхигъащ,ащ IэнатIэм иIэ екъулIэныгъэхэмрэ адэкIэ кьапэщыIэ кьыдэхэмрэ. Ар щхьэхуэу кьытеувыIащ Iащ ЕгъэджакIуэм и илъэсыр куейм зэрыщрагъэжьыну.

Методикэ пэрытхэр кьэзыгъэсэбэп курыт школхэм я щIэхэр кьыщрагъауащ икIи щытхъу тхыльхэр щратащ гуфIэгъуэ зэхуэсым. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Пролетарскэ, Прикалинскэ, Янтарнэ, Екатеринотрадзкэ, Кьэрэгъэщ, Солдатскэ ящыхэм дэт курыт еджапIэхэр. Апхуэдэу зэIуцIэм щагъэльапIащ «ЕгъэджэныгъэмкIэ» льэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкIа къэралпсо зэпеуэм куейм щыщу щытекIуа егъэджакIуэ, «Класс унафэщI нэхъ щыпкъэ», «Си гур сабийхэм язоту», «Илъэсым и гъэсакIуэ» зэхьэзэхуэхэм пашэ щыхьэхэр. Гулытэ хэха зыхуащIаxэм ящыщщ егъэджакIуэ унагъуэхэр. Апхуэдэхэт Грудзинскэхэ, Воскановхэ, Мэзлохэ, Тхьэзэпльхэ, Гындыгуэхэ, Бондаренкэхэ, Акимеенкэхэ, Спитаевхэ, Фоминхэ, Тэмазэхэ я унагъуэ гуащIафIэхэр. Абыхэми удз гъэгъахэмрэ щIыхь тхыльхэмкIэ яхуэгуэпащ зэхуэсым и кьызэгъэпэщащIуэхэр.

ГуфIэгъуэм и кIэухыу еджакIуэ цIыкIуэхэм я унэтIакIуэ нэхъыжьхэм папщIэ концерт дахэ ятащ.

ЛУГЫРЕВ Ириз.
Прохладнэ куей.

● ЗэIущIэхэр

НыбжьыщIэхэм IэщIагъэ къыхах

КъБР-м щIыхьэхэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым, ильэс къэси х уэдэу, мы гъэми курыт еджапIэхэм щрагъэжьуэ IэщIагъэ кьыхэх-2010» Iуэхур. Ар кьызэзыгъэпэщахэм апхуэдэ зэIуцIэхэр гъатхэпэ мазэм щрагъэжькIэщ Налшык дэт курыт школ зыбжанэм.

НЫБЖЬЫщIЭХЭМ кьыхахьыфынкIэ хьуну IэщIагъэм теухуа чэнджэщ хэхахэр ират лэжьыгъэр кьызэзыгъэнэщ гупым хэт IэщIагъэлI зэхуэмыдэхэм. Ахэр школхэм макIуэ, IэщIагъэхэм т еухуа хьыбархэр зэрыль компьютерхэмкIэ кьызэзгъэпэща автобус с щхьэхуэ иеу. Курыт школхэм я классхэ нэхъыжьхэм щеIащ,эмэ ахэр яопсалъэ. Хуагъэльльэу IэщIагъэхэм елытауэ. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм ират ахэр дзэпхьэхэ IэщIагъэхэм теухуа хьыбархэр зэрыт, абыхэм ухуеджэн папщIэ фIыуэ зыIэпэщIыхьэн хуей предметхэм щыщ компьютерым кьрит упщIэхэм жэуап ирата ныжь.

Цыхуэхэр лэжьыгъэкIэ кьызэрэзгъэщынымкIэ кьэрал комитетым зэфIих апхуэдэ лэжьыгъэр сэбэп икIи дэпыкъуэгъу мэхъу ныбжьыщIэхэм зэхуэпэсэ, зыпэпэщыну, зэрыльжьэфыну IэщIагъэхэр кьыхахьынымкIэ. Комитетым и IэщIагъэлIхэм я мурадщ апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэ республикэм и кьалэ, кьуажэ я псоми щрагъэкIуэкIыну.

КЛИМОВЭ Викторие,
КъБР-м щIыхьэхэр лэжьыгъэкIэ кьызэзгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ,апIэм и лэжьакIуэ.

● Зэрыщ,ыгъэ

Нэхъыжьхэм я щIэблэ - ящыщ

Гъэмэфэ мазэм Шэджэкъум куей администрацэм и Iэтащ,ъэ Кьуныжь Хьэчим. ЩIалэгъуалэм хьэщIэхэр яригъэщIыхуа нэужь, абы псалъэмакъыр иублащ икIи ныбжьыщIэхэр хуит ищIащ езыхэр зыгъэпIейтей упщIэхэмкIэ нэхъыжьхэм зыхуагъэзэну. Псом ящэу зыщIэупщIар купльыкIэр щIалэгъуалэм хьэщIэхэр ныбжьыщIэхэм ят Зыуэ щыт кьрал экзаменым зэхуэсым хэтхэр зэрепльырщ.

Абы теухуауэ я гупсысхэр кьаIуэтащ щIэныгъэлIхэу Елгъэрым, ЩIыпIынэм, нэгъэущIэхэм. Ахэр тепсэльыхьащ, гугъуехь хэ хахэр пыльми, ЕГЭ ящыпхъэ ит кьэпщытэныгъэхэм фIыуэ хэльри зэрыщмащIэм. Нэхъыщхьэр - абы тэмэму, кьызыхуэзытыну зыхуэзэ-щIалэрэгъуалэр абы творческэу зэрыхьэлэжьыхьыфынури кьыхиригъэщащ. А гупсысэм пищащ къуажэ унафэщIым. Абы зэрыжиламкIэ, жылэм дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъаджэхэм я нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ Къанкъуэ Риммэ ядэIэпыкъуэу ягъэува «Къызбрун» спектаклым щыщ пычыгъэм. Псом хуэмыдэу гуапэр артист ныбжьыщIэхэр езыхэм я ролхэм фIыуэ зэрыхъэзэгъащ. Дауи, абы щхьэкIэ я зэманри еблэжакъым.

Къызэхуэсахэр нужьлIэ тепсэльыхьащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ джыным хэлъ ныкъусаныгъэхэм, ахэр гъэзэжкIуэжьыныкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ Куба къуажэм щызэфIэкIащ анэдэлъхубзэм и махуэм трауха Iуэху щхьэпэгъэ.

ШАЛ Мухьэмэд.

НапжIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Футбол

Бжыгъэр къызэIуах.

«Спартак-Налшыкым» пашэныгъэр еубыд!

«Сибирь» (Новосибирск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - (0:1) 0:2. Новосибирск. «Спартак» стадион. Гъатх эпэм и 27-м. Щыхъ 9000 еплъащ.

Судьяхэр: ЕСЬКОВ. Аверьянов, Кулагин (псори Мэзкуу щыщщ).

«**Сибирь**»: Ковалевски, Климавичюс, Бухряков, Выходил, Молош (Аравин, 20), Шуленин, Филипенкэ (Антипенкэ, 55), Зиновьев, Чижек (Астафьев, 63), Медведев, Дегтярев.

«**Спартак-Налшык**»: Фредриксон, Кисенков, Джудович, Амисулашвили, Филатов, Концедалов, Джатэрывэ, Леандр у, Гогуэ (Бикмаев, 85), Сирадзе (Патрик, 81), Дядюн (Хатаженков, 92).

Топхэр дигъэкIащ: Дядюн, 17 (0:1). Дядюн, 53 (0:2).

Дагъуэ хуащIащ Филатовым, Климавичюс, Филипенкэ, Сирадзе.

ЩЭБЭТ кIуам Новосибирск и «Сибирь»-м иригъэблэгъащ «Спартак-Налшыкыр». Мыгъэрей зэхьэзэхуэр хъарзынэу кьыщIэзыдза налшыкдэсхэм зэIущIэм и япэ дакьикьэхэм щегъэжьауэ хэгъэрейхэм я гъуэм ебгъэрыкIуэн щIадзащ.

ЗэкIэлъхьэужьу «Спартак-Налшыкым» угловой кьитахэм, ди жагъуэ зэрыхьунщи, екъулIэнигъэ кьахуиныбакъым. Джэгуплэ кьабгъуэм щытепщэ налшыкдэсхэм «Сибирь»-м топыр кьыIэрыхьэну зы Iэмали иратыртэкъым. Апхуэдэхэм ящыщ зым топыр кьызыIэрыхьа Киселковым ар Дядюн и льэныкьуэмкIэ хуитэжащ, арщхьэкIэ зэгурымыIуа щIалэхэм я мурадыр кьехьулIакъым.

Кьыкlэлъыкlуэу зэман кlэщым кьриубыдэу хэгъэрейхэм я гъуэм екIуэлIэну хэгащ Леандру, Джатэрывэ, Сирадзе сымэ, ауэ ебгъэрыкIуэныгъэхэр и кIэм яхунэгъэсакъым. Топыр зэзэмызэхэ кьызыIэрыхьэ «Сибирь»-м контратакэ закьуэтакьуэхэмкIэ кьыхэжаныкIыну хэтт, арщхьэкIэ ди гъуащхьэхьумэхэмрэ гъуащхьэтетымрэ ахэр яфIэкIыфыртэкым.

«Спартак-Налшыкыр» зэпымыву зэребгъэрыкIуэм новосибирскдэсхэм я командэр хуабжу иригъэшат икIи Iэмал имыIэу абы щыуагъэ гуэр яIащIэкIын хуейт. Апхуэдэуи кьэхьауащ. Ди щIалэхэм я

Япэ Iыхьэм и кIэух дакьикьэхэм новосибирскдэсхэр нэхъ жыджэр къэхъуащ. Ар кьыхэкIырт «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр кьызэIуиха нэужь кьызэрикIуэтыжам икIи хэгъэрейхэм губгъуэр нэхъ хуит зэрыхуащIам, «Сибирь»-м иебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым ди щIалэхэм Чижек ирау дащ. Штрафной нэужьым гъуэм и планэпэм тIуатэ топым ерагъыущ Фредриксон кьызэрыригъэгъэзар.

Зэгъэпсэхуа нэужь зэхьэрхуэрэгъухэм я зэпэщIэтыныгъэр нэхъ гуащIэ кьэхуащ. Джатэрывэм кьызэрригъэпэща ебгъэрыкIуэныгъэм и жэуапу Аравинымрэ Чижекрэ ди гъуэм кьекIуэлIэну хэтащ, арщхьэкIэ гъуащхьэхьумэхэм яфIэкIакъым.

Зэман кIыхькIэ зыхъужмэкьим фIэкIа лэжьыгъэ зимыIа «Сибирь»-р ешыпат. ИкIи, япэми хуэдэу, абы и гъуащхьэхьумэ-

И гъэсэнхэм я джэгуIкIэм арэзы кьимыщI хэгъэрейхэм я тренерым командэм зэхьэужкIыныгъэ зыбжанэ щригъэкIуэкIащ, арщхьэкIэ «Сибирь»-м абы кьаруущIэ кьыхилъхьауэ пхужьIэнутэкъым. «Спартак-Налшыкыр» зэребгъэрыкIуэт. Апхуэдэу Гогуэ гъуащхьэхьумэхэм яIащIэкIащ, ауэ, кьэнэпсеижри, топыр зыми иримытурэ фIэкIуэдащ.

ЗэIущитIым нужькIэ зы очко закьуэ фIэкIа кьэзымыхьа хэгъэрейхэм я унэ щрагъэкIуэкI етIуанэ зэIущIэми кьызэрыщыхагъащIэм я льэр щIидатэкъым. Нэхапэмэ хуэдау, абы-хэм контратакэхэр кьызэрагъэпэщыну хэтт, я кьару кьызэрихькIэ налшыкдэсхэм кьапэщIэтт. АрщхьэкIэ фIы дыдэу я кьалэныр ягъэзащIэрт Красножан Юрэ и гъэсэнхэм. Гъуащхьэхьумэхэм топыр зэрагъэщэкIыр зэзэмызэхэт, абы щыгъэми, гъуащхьэтетыр жыджэру джэгум кьыхьыхьэрт. КьыкIэлъыкIуэу «Спартак-Налшыкым» зэжьэлъхьэужьу кьита угловоитIым ящыщ зым кьэлъеижа топыр Джатэрывэм кьыIэрыхьащ. Ар зэуам ерагъыущ Ковалевскэм кьызэрыригъэзар.

И Iэзагъым и фIыгъэкIэ зэIущIэм тепщэныгъэр щызыIыгъа «Спартак-Налшыкым» кьыкlэлъыкlуэ очкоищыр кьихьащ. Джэгугъуищым нужькIэ ди щIалэхэм кьефIэкIын зэхьэзэхуэм хэтхьым.

Нужьрей зэIущIэхэм ящыщу нэхъ кьызэрыгъэщIапхъэщ «Локомотив»-м 2:1-уэ текIуэу зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр Мэзкуу и «Спартак»-м кьызэрырфIихьар. «Рубин»-мрэ «Тэрч»-мрэ я зэIущIэу Кьэзан щекIуэкIар 0:0-у зэрриухам и фIыгъэкIэ «Спартак-Налшыкым» турнир таблицэм пашэныгъэр щиубыдащ.

Адрей командэхэм я зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьариклуэ: «**Динамо**» - «**Зенит**» - **1:2**, «**Крылья Советов**» - «**Томь**» - **2:3**, «**Ростов**» - «**Сатурн**» - **1:0**, «**Анжи**» - «**ЦСКА** - **1:2**, «**Алания**» - «**Амкар**» - **0:0**.

Кьыкlэлъыкlуэ зэIущIэр ди щIалэхэм Налшык щрагъэкIуэкIынущ. Мэлыжьыхьым и 3-м сыхьэтыр 18-рэ дакьикьэ 30-м абы и къарагъэблэгъэнущ «Ростов»-р.

ЖЫЛАСЭ Замир.

«Спартак-Налшыкыр» дэнэкIи щобгъэрыкIуэ.

Премьер-лигэм хэтхэр зэрыджэгуар

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	3	2	1	0	4-1	7
2. «Рубин»	3	2	1	0	3-0	7
3. «Зенит»	3	2	1	0	4-2	7
4. ЦСКА	3	2	1	0	3-1	7
5. «Томь»	3	2	0	1	5-3	6
6. «Тэр ч»	3	1	2	0	3-1	5
7. «Динамо»	3	1	1	1	2-2	4
8. «Спартак»	3	1	1	1	3-3	4
9. «Амкар»	3	1	1	1	1-1	4
10. «Ростов»	3	1	1	1	2-3	4
11. «Локомотив»	3	1	0	2	4-4	3
12. «Алания»	3	0	2	1	2-3	2
13. «Сатурн»	3	0	2	1	2-3	2
14. «Анжи»	3	0	1	2	1-3	1
15. «Сибирь»	3	1	0	2	1-5	1
16. «Крылья Советов»	3	0	0	3	2-7	0

«Студент гъатхэр» зэрекIуэкIынум топсэлъыхь

●Налшык

Тхьэмахуэ кIуам Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщIащ «Урысей студент гъатхэ-2010» фестивалым хэтыну гупхэм я унафэщIхэр. Абыхэм «Студент гъатхэр» зекIуэкIыну щыпIэкIэ, фестивалым хэтыну хэр зыщIэсыну хьэщIэщхэр зрагъэгъэгъуащ, а зэхуэсым Налшык зэрызыщыхуагъэхьэзырым зыщагъэгъуэзащ.

Урысей Федерацэм и щIыналъэ 21-м кьикIахэм я зэIущIэщхуэр щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ХьэщIэкIэр япэ щыкIэ ирагъэблэгъащ университетым и щыкIэкI-псэукIэм теухуа гъэлъагъуэныгъэм. КъБКъУ-м и унафэщIхэм я IуэхущIафэхэм, абы и факультетхэм зекIуэкI гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэм, кьызэрагъэпэщ дунеипсо, урысейпсо, щIыналъэ конференцхэм, симпозиумхэм, едзэгъуэ зэманым кьыщыдзэхуэм деж еджапIэ нэхъыщхьэм щрагъэкIуэкI джэгуэпеуэхэм щыгъуазэ защIащ абыхэм.

КъБКъУ-м и щIэныгъэлIхэм я советым зэхуэсхэр щрагъэкIуэкI и пэшыхьуэм хьэщIэкIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щатъэгъуам, фестивалым папщIэ кьызэгъэпэщакIуэхэм ягъэхъэзырахэм дэщIыгъуэхъэу кьаплъитэхэм щытепсэтыхьащ.

ЗэIущIэр кьыщызэIуихым КъБР-м хьыбарегъащIэ ІэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щIалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкlэ и министр**Пащты Борис** жиIащ накьыщIэм ирагъэкIуэкIыну «Студент гъатхэр» екIуу кьызэгъэпэща хъурт папщIэ зэрыз эхуэзам мыхьэнэщхуэ зэриIэр.

ЩIалэгъуалэм я урысейпсо союзым и тхьэмадэм и къуадзэ **Троицкий Андрей** псалъэ щратым, КъБР-м и Правительствэм фIыщIэ хуищIащ «Урысей студент гъатхэ-2010» фестивалыр Налшык кьызэрырагъэблагъэм щыкIэкIэ.

- УФ-м и щыналъэ зэхуэмыдзэм кьикIа си лэжьыгъуэм я гъуэсу мы махуэ хэм дагъэльэгъуащ «Студент гъатхэм» хэтынухэр щыпсэуну, фестивалыр щекIуэкIыну щыпIэхэр, ар кьыщыззIуахыну, щызэхуащIыжыну Театр Щхьуантlэ дахащэр, - жиIащ Троицкэм. - ИкIи, кьызэрытщыхьуамкIэ, республикэр хуэхъэзырщ гъатхэмрэ студент гъащIэмрэ я махуэшхуэр егъэкIуэкIыным. Мы фестивалым и кьызэгъэпэщакIуэхэм - УФ-м спортымкIэ, туризмэмрэ щIалэгъуалэм политикэмкIэ и министерствэм, ЕгъэджэныгъэмкIэ федеральнэ агентствэм, ЩIалэгъуалэм я урысейпсо союзым - кьабгъэдэкIыу фIыщIэ фхуэсщIыну сы- хуейщ.

«Урысей студент гъатхэ-2010» фестивалым и гъэзэщIакIуэ директор **Махнаковэ Анастасие** кьыхигъэщащ Андрей зи гугъу ищIахэм кьыщыщынэу, республикэм щыпсэухэм я нэгум иригъэгъуа гуапагъэр абы и псэм зэрыдыхьар. Апхуэдизу цIыху зэхуэзыщIэныгъэ фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми щIэуэ къэунэхуа Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округми я ІуныджэкъыкIэзэрилъэтыныгъэм щэч кьызэрытримыхьэр щIигъужащ Махнаковэм и псальэм.

КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий**жиIащ университетым студент гъащIэр гукъинэж зыщI Іуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд кьызэрыщызэрагъэпэщыр, унэтIыныгъэ зэхуэмдэкIэ студент зэгухьэныгъэхэр зэрарэр. Пакьыгъэм екIуэкIыну фестивалым щытепсэлъыхьым кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ Іуэхуэхэм я пIалъэр кьищIэну зэрыхунэсар, мы-хьэнэшхуэ зиIэ, цIыху куэд кьызрихьалIэ зэIущIэ куэдым Налшык хэщIапIэ зэрагъэхуэгъуар.

Башкорт останым щахIэщIэуалэ Іуэхуэхэмкlэ и министрым и къуадзэ **Салдогаров Салават** жиIащ КъБР-м щекIуэкI зэхьыхьэзэм мызэ-мытIэу зэрыщыIар, ар фIыуэ кьаззрехьулIэр зэригъэнэжуар.

Красноярск, Ханты-Мансийск, Санкт-Петербург, Волгоград, нэгъэзэщI кьалхэзэм кьикIа хъэщIэхэм я унэцIэхэм жэуап иратащ Пащты Борисрэ Къарэмырзэ Барэсбийрэ, апхуэдэуи абыхэм кьыхалъхьа чэнджэщэр Іуэхум хагъэхьэну зэгурыIуащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Сурэтым: Къэрэмырзэ Барэсбий.

●Гу зылъытапхъэ

Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ Управленэу КъБР-м щыIэм хъыбар фегъащIэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым пощтыр зэрыгъэхадза автоматикэ Іэмэпсымэхэр кьигъэсэбэлу зэрыкуэжьам кьызэкIыну, пощткIэ ирагъэхь тхыгъэхэмрэ ахъшэхэр зэрагъэхь пощт бланкхэмрэ адресым и реквизитхэр мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу тетхэн хуейщ:

а) юридическэ IэнатIэ-хэм папщIэ - абыхэм я цIэр е гъэхIэщIадзэ зэреджэр, цIыху щхьэхуэхэм папщIэ - унэцIэр, цIэр, адэцIэр;

б) банкым и реквизитхэр (юридическэ IэнатIэм пощткIэ иригъэхь е юридическэ IэнатIэм кьигъэхь ахъшэмэ);

в) уэрэдым и цIэр, унэм и номерыр, фэтэрым и номерыр;

г) жылагъэм (кьалэм, къуажэм, поселкэм) зэреджэр;

д) районым зэреджэр;

е) республикэм, крайм, областым, автономнэ округым (областым) зэреджэр;

ж) къэралыр (нэгъуэщI къэралхэм пощткIэ иригъэхьэхэм папщIэ);

з) пощтым и индексыр.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэр балъкъэр тхакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт, «Минги Тау» журналым и редакцэм и къудамэм и унафэщI **Шаваев Хьэсэн Исмэхьил и къуэм** хуогъазэ абы и шыпхъу **ФатIимэт Исмэхьил и пхъур** щыгъэгъуэгурыIуа.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэр балъкъэр тхакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт, «Минги Тау» журналым и редакцэм и къудамэм и унафэщI **Шаваев Хьэсэн Исмэхьил и къуэм** хуогъазэ абы и шыпхъу **ФатIимэт Исмэхьил и пхъур** щыгъэгъуэгурыIуа.

ЗэIущIэ нэжьыш

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Япэ топым и фIыгъэкIэ

- Топыр нэхъ тегушхуауэ дэтIыгъащ, джэгуплэ губгъуэми тепщэныгъэр щыдиIащ. Хэгъэрейхэм я щыуагъэр кьэдгъэзэнэну дэдгъэкIа япэ топым зэIущIэм и кIэух бжыгъэр игъэбелджылащ. Ди ебгъэрыкIуэныгъэхэм нужькIэ иджыри топ зыбжанэ дэдгъэкIыфыну щытащ, ауэ «Сибирь»-м ди льэныкьуэмкIэ щигъэзэщIа штрафнойхэри шынагъэшIэу щытауэ схужыIэнукъым.

Новосибирскдэсхэм екъуалIэныгъэ, командэм кьыдэщIхэм шыIэныгъэ яIэну сохъуэхъу. Гупыр лъэ быдэкIэ щыув лъэхъэнэр дэтхэнэми кьызэринэжIын хуейщ.

КРИУШЕНКЭ Игорь, *«Сибирь»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

ТIури гъуэ нэщIым



- ЗэIущIэм и япэ Іыхьэм щытIэщIэкIа щыуагъэ мыхьэнэншэм и эран куэдкIэ кьыдэкIащ. ИужькIэ щытыкIэр дгъэзэкIуэжыну дежэжьащ, арщхьэкIэ контратакэ псынщIэм и зэранкIэ етIуанэ топри кьытхудагъэкIащ. ТопитIри гъуэ нэщIым дыхьащ.

- Иджырей «Сибирь»-м и зэIущIэ нэхъыкIэу жыпIэ хуэну?

- Хъуну кьыщIэкIынщ. «Тэрчым» дедгъэкIуэкIа зэIущIэр мыпхуэдэ дыдэ бжыгъэкIэ иуха пэтми, ар нэхъ купщIафIэу кьыщыхъуащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Бжыгъэр къызэIуахакъым

«Сибирь» (Новосибирск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Гъатхэпэм и 26-м. Новосибирск. «Спартак» стадион. Щыхъ 1000 еплъащ.

Судьяр Кузнецов (Красноводск).

«**Сибирь**»: Солосин, Гладышев, Амирханов, Логвинов, Запрудских, Шрейнер (Кочкин, 46), Макаренкэ, Савенас (Васильев, 46), Житнев (Дудолев, 78), Шумов (Городцов, 60), Шевченкэ (Нагибин, 46).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, КIыщ (Шортэн, 70), Васин (Русич, 46. Билаонов, 76), Лапин, Чочуев, Балэ, Зрум, Хьэгъэбанэ (Михеев, 71), Кхъуэныхь (Трубищин, 46), Шалаев, Митришев.

Дагъуэ хуащIащ Зрумым, Макаренкэ, Трубищиным.

ПРЕМЬЕР -лигэм хэт командхэхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я зэпеуэм и ещанэ джэгугъуэр мэрем кIуам Новосибирск щрагъэкIуэкIащ «Сибирь»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ».

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

ЗэIущIэр командитIми я зэхуаку зэныкьуэкьушхуэ дэмыльу щIидзащ. Джэгум и нэхьыбэр щекIуэкIыр губгъуэм и курт. Дэтхэнэри екьэрт и къэрхуэрэгъуэ щыуэным. Апхуэдэ Іэмал япэу кьызыкьуэкIар ди щIалэхэрщ, арщхьэкIэ екъулIэныгъэ кьахудэкIуакъым. Япэ Іыхьэм командхэр ебгъэрыкIуэныгъэ зыбжанэкIэ зэхъуэжа фIэкIа, ахэр и кIэм нагъэсыну Іэмал зыми иIакъым.

Загъэпсэхуа нужькIэ «Спартак-Налшыкым» нэхъ жану кьыщIидзэжащ. Зыбжанэрэ «Сибирь»-м и гъуэм екIуэлIащ Зрумымрэ Митришевымрэ, арщхьэкIэ хэгъэрейхэм я гъащIэхэуэмэхэр апхуэдэхэм хуэхьэзыру кьыщIэкIащ икIи ебгъэрыкIуэныгъэхэр кьызэрагъэпэщащ.

ЗэIущIэм хуэхаха зэманыр и кIэм нэсыху командитIри сакьыпэу джэгуащ. Абыхэм кьагурыIуэрт щыуагъэ зыIэщIагъэкIрэ топ кьыхуадгъэкIмэ, бжыгъэм зегъэхьужьыгъуэ зэрыхьуэнур.

Щыуагъэ фыхудощI адрей командхэр нужьу зэрыгъэ зэдджэгуам кьрикIуэ екъэрт и къэхъэкъэм: **«Алания» - «Амкар» - 1:1, «Анжи» - ЦСКА - 2:1, «Динамо» - «Зенит» - 0:2, «Крылья Советов» - «Томь» - 1:1, «Спартак» - «Локомотив» - 2:1, «Рубин» - «Тэрч» - 2:0, «Ростов» - «Сатурн» - 3:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Іуэхутхьэбзэ яхуищIэрт

КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм такси стыр зыкIыу абы и автомашинэр зыIэрыгъэхьа щыхубзымрэ щыхухъумрэ яубыдащ.

Так систу лажьэ дзэрмэнышкдэсым и «Лада-Приора» автомашинэмкIэ зы щыхубзымрэ щыхухъумрэ зыбжанэрэ Іуэхутхьэбзэ яхуищIащ. Сыт щыгъуи зыдэлэжьэну щыху кьиригъэтауэ кьиныбгъэри, шоферым и жып телефон номерыр абыхэм яритащ. Зы махуэ гуэрым ахэр кьэспасадэрп, Іуащхьэмахуэ куейм щыIэ Нейтринэ поселкэм ишэну кьельэIуащ.

ЩыпIэм нэса нэужь, зы унэ гуэрым щыхубзыр щыхьащ. Абы щыгъу щыхухъур автомашинэм и щыбагъымкIэ кьекIуэкIри, рулым дэсым сэкIэ бгъуэнейрэ еуащ. Такси стыр зыкьригъэлъи и гугъэу щэхъэщIащ лъэщIыхьэри, ар мывэкIэ иукIащ.

Псори зэфIэкIа иужь щыхубзым кьигъэзэжащ. КьыIэрыхьа автомашинэм и рулым дэтIысхьэри, и гъусэмрэ абыхэрэ Зеикьуэ кьуэжэмкIэ яунэтIащ икIи автомашинэмрэ абы ильэ хьэпIыпхэмрэ щатхьэщыжащ.

Автомашинэр пIалъэкIэ щагъэпщкIунум куэдрэ егупсысакъым - гараж нэщI Налшык бэджэнду кьыщащтэну зэгурыIуащ.

Кьалъыхьуэ автомашинэм гъуэгум япэу гу щыIалъызытар яуклам и Іыхьлъхэщ икIи псынщIэу милицэм хьыбар иригъэщIащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм щIэпхьаджащIэхэр зэрыс автомашинэр Щхьэлыкьуэ кьуажэ дыхьэпIэм деж щаубыдащ. БэджащIэхэм яыр щIэпхьуэжьыну хэтащ, арщхьэкIэ милицэм хьыбар иригъэщIащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм щIэпхьаджащIэхэр зэрыс автомашинэр Щхьэлыкьуэ кьуажэ дыхьэпIэм деж щаубыдащ. БэджащIэхэм яыр щIэпхьуэжьыну хэтащ, арщхьэкIэ милицэм яIэщIэкIащ.

Уголовнэ Іуэху кьаIэтащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апIэ.

●Хъыбарегъащ1э

Пыхьужь Алий и цIэр зэрехьэ

Урысей Федерацэм и щIыналъэ артист Пыхьужь Алий и цIэр зэрихьэу ильэс кьэс ирагъэкIуэкI щIыналъэ фестивалым и зи чэзу зэхьэхьэ мэльыжьыхьым и I-м Іыхьэнущ.

Театр гъуэгуанэм и жанр зэхуэмдэхэм щыджэгу артистхэр зыхэтыну фестивалыр кьызэIущIэпщIу КъБР-м ЩIэхабзэмкIэ и министерствэр. Ар щекIуэкIынущ Налшык дэт Музыкэ театрым, щыщIидзэнур сыхьэтыр 18-рэ дакьикьэ 30-рщ.

Театрым и лэжьыгъэщIэ

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым иригъэльэгъуэнущ режиссер Теувэж Султан игъэува лэжьыгъэщIэ. Адыгэ литературэм и классик, драматург щIэрыIуэ Іутlыж Борис и «Эдип» трагедием кьытращыжьа спектакльр ар зи Іэдакьэщ1экI тхакIуэщхуэм и фэеплъ.

Спектаклыр Музыкэ театрым щекIуэкIынущ мэлыжьыхьым и 8, 9-хэм, сыхьэтыр 19-м щIидзэу.

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

ЗэIущIэр командитIми я зэхуаку зэныкьуэкьушхуэ дэмыльу щIидзащ. Джэгум и нэхьыбэр щекIуэкIыр губгъуэм и курт. Дэтхэнэри екьэрт и къэрхуэрэгъуэ щыуэным. Апхуэдэ Іэмал япэу кьызыкьуэкIар ди щIалэхэрщ, арщхьэкIэ екъулIэныгъэ кьахудэкIуакъым. Япэ Іыхьэм командхэр ебгъэрыкIуэныгъэ зыбжанэкIэ зэхъуэжа фIэкIа, ахэр и кIэм нагъэсыну Іэмал зыми иIакъым.

Загъэпсэхуа нужькIэ «Спартак-Налшыкым» нэхъ жану кьыщIидзэжащ. Зыбжанэрэ «Сибирь»-м и гъуэм екIуэлIащ Зрумымрэ Митришевымрэ, арщхьэкIэ хэгъэрейхэм я гъащIэхэуэмэхэр апхуэдэхэм хуэхьэзыру кьыщIэкIащ икIи ебгъэрыкIуэныгъэхэр кьызэрагъэпэщащ.

ЗэIущIэм хуэхаха зэманыр и кIэм нэсыху командитIри сакьыпэу джэгуащ. Абыхэм кьагурыIуэрт щыуагъэ зыIэщIагъэкIрэ топ кьыхуадгъэкIмэ, бжыгъэм зегъэхьужьыгъуэ зэрыхьуэнур.

Щыуагъэ фыхудощI адрей командхэр нужьу зэрыгъэ зэдджэгуам кьрикIуэ екъэрт и къэхъэкъэм: **«Алания» - «Амкар» - 1:1, «Анжи» - ЦСКА - 2:1, «Динамо» - «Зенит» - 0:2, «Крылья Советов» - «Томь» - 1:1, «Спартак» - «Локомотив» - 2:1, «Рубин» - «Тэрч» - 2:0, «Ростов» - «Сатурн» - 3:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьакIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Хьэжькъаръ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Іуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яK. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтекIуэ зэныту щыткъым. Газетыр Iэ зэщIэкIыну ящIэ дальш КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роснечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №H-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокьуэ Эльдэ, редактору ШIрий Маринэ, корректорхэр Щоджэн Нинэ** *(1,2-нэ нап.)*, **Цей Заирэ** *(3,4-нэ нап.)*, **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ,** *сурэтыщI* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатIэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125●Заказ №851